

KRIS KI REVELE

NAN PWÒP PAWÒL LI



Annou bese tèt nou.

Seyè Jezi, Bèje gwo Twoupo a, sa nou dwe W la tèlman anpil, Seyè, ke nou p ap janm ka peye W pou lanmou Ou te vide nan tout kè nou. Nou santi nou tèlman endiy pandan tèt nou bese epi nou kanpe nan prezans Ou. Nou mande W pou netwaye nou pou tout fòt ak tout peche. Nou priye ke W va fòtifye kò nou jodi a. Gen anpil ki malad e aflije, jan sa montre l la, ak mouchwa epi rekèt k ap antre pa telefòn soti tout kote.

² E nou kwè ke nou nan fen istwa mond sa a kounye a, e byento tan pral anglouti nan Letènite, e nou vle prè pou moman sa. Se poutèt sa nou rasanble la maten an, se pou prepare nou pou moman sa. Yo te fè m konnen ke gen anpil koneksyon telefòn maten an atravè peyi a, depi yon bò lanmè jiska lòtbò a. Kèlkeswa kote vwa nou va atenn, ke ti gwoup sa beni. Geri malad ki nan mitan yo, e mwen priye ke Ou va netwaye nanm yo kont tout mal. Epi ede nou isit la maten an, nan tabènak la, pou nou ka pwofite tou de gwo privilèj sa.

³ E nou mande W pou pale avèk nou jodi a atravè Pawòl ekri Ou, e ke Lespri revele nou bagay nou bezwen yo, pandan nou rasanble nan tout peyi a kounye a, avèk enpresyon ke nou se yon ti pèp, men ki gen yon plas pami rachte yo, poutèt nou kwè nan Jezikri. Akòde nou bagay sa yo, Seyè.

⁴ E lè nou va fini sèvis la pou nou ale nan diferan kay pa nou atravè peyi a, ke nou kapab di, tankou sila yo ki te soti Emayis la, “Èske kè nou pa t ap boule anndan nou pandan Li t ap pale avèk nou sou wout la?”

⁵ Kounye a, Papa, mwen konnen ke tout sa mwen ta ka di pa tap sifi sèten, pou Kreyen de byen sa yo—yo ki konekte atravè peyi a kounye a, sa pa t ap—sa pa t ap apwopriye. Se pa t ap yon bagay mwen te ka di ki t ap fè anyen de bon, paske nou tout nan menm kategori. Nou se imen, moun mòtèl. Men ke gran Sentespri a pale; ke Li pran Pawòl la epi jis revele Tèt Li. Nou ap tann Li kounye a, nan Non Jezi. Amèn.

Nou mèt chita.

⁶ Mwen on jan... siprann tèt mwen. Mwen te di madanm mwen, si sa rive ke l ap tandè, anba nan Tucson, ke mwen pat panse m ta gen ankenn sèvis lè m va retounen; e mwen pa t menm pote rad. E mwen te di bèlfi mwen an, li te repase kostim mwen an, mwen te di: “M ap rete deyè chè a, ak... Yo p ap wè si

pantalon an ak kostim lan depaman.” Se sa yo m te mete lè m te lakay la. Men, Meda, te repase chemiz mwen ak tout bagay, kifè tout . . . Pa fatigue w; tout bagay annòd.

⁷ Bon, nou gen yon rekèt isi a, ke gen yon trè chè frè . . . E mwen panse ke—ke Prescott, mwen kwè, konekte maten an, anwo a nan—nan Prescott, Arizona. Papa sè Mercier te jis sou wout ap vin nan reyinyon an, dapre sa m konprann, e yo te pran l mennen l lopital akoz yon kriz kadyak, se Frè Coggins. Epi, tou, Frè Junior Jackson, mwen kwè li nan pwochen emisyon radyo anba a, ou pito pwochen koneksyon telefòn anba nan Clarksville oswa New Albany, e papa l lopital, dapre sa m konprann, ak yon gwo operasyon kansè nan fwa. Kifè se sèten nou vle raple nou de sila yo nan priyè nou. E kounye a genyen lòt isi a, tou, men nou pa vle pran twòp tan. Bondye konnen yo tout, kifè annou priye pou yo kounye a.

⁸ Chè Bondye, alòske presye nonm men plise sa, Frè Coggins, yon vye veteran nan chan an, te . . . lonje lopital maten an, kèkpa, ap soufri ak kriz kadyak. Bondye, pòv vye kè sa te pase atravè anpil twoub. Mwen priye, Bondye, pou W ede l. Akòde sa. Li renmen . . . Li renmen lavi tankou nou tout, e li vle viv. Bondye Seyè, akòde sa. Nou menm atravè peyi a n ap priye nan Non Jezi pou li, pou W ka geri l epi delivre l. Nou kwè ke W ap fè l; li va vini dirèk nan reyinyon an.

⁹ Nou priye pou Frè Jackson, presye papa li ki lonje la sou pwen mouri kounye a, li te bay mond lan yon gason de byen tankou Junior. Mwen—mwen—mwen priye chè Bondye, Ou va geri l. Mwen konnen sa sanble enposib. Ekip ijans yo, doktè, yo—yo pa konn sa pou yo fè nan jan de ka sa. Men nou sonje Frè Hall, tou, lè pi bon medsen an menm isit la te di, nan Louisville, li te di: “Li jis rete kèlkezè pou viv,” ak kansè nan fwa a. E l ap viv jodi a, sa fè vennsenk lane, poutèt gras Ou. Kifè mwen priye ke Ou va geri Frè Jackson jodi a, Seyè, pèmèt ke gras ak mizèrikòd Ou kapab avèk li.

¹⁰ E tout gwo pil mouchwa ak tisi ak bagay sa yo ki plase la kòm rekèt; Ou konnen yo tout, Papa. Mwen priye ke W va akòde a yo tout gerizon. Nan Non Jezikri. Amèn.

¹¹ Kounye a pou kòmanse, maten an, mwen pa t panse mwen ta pral vini, nan yon premye tan, dimanch dènye. E apre sa ankò, lè nou te anonse l, mwen te vini. Frè Neville te kite m pale! E apre sa nou te anonse ke nou t ap la jodi a, e anons lan pa t ale toutotou nan peyi a pou rejwenn moun yo. Epi nou gen sistèm telefòn sa kounye a, ki trè, trè byen. Moun yo ka chita dirèk lakay yo oswa nan . . . rasanble nan plas pa yo, legliz pa yo, elatriye, pou ap tandè sèvis la. Mwen apresye sa.

¹² Bon mwen wè yo depoze la, te gen anpil rekèt semèn pase a, sou sa m te di dimanch dènye sou Mesaj la. Mwen kwè m bliye kounye a ki sa tit la te ye. Men mwen te di yon bagay konsènan

peye dèt ou. E ou konnen, pe enpòt sa w di, anpil moun mal konprann li. Pa paske yo . . .yo pa vle mal konprann li, men ou jis senpleman mal konprann li.

Kounye a yon moun te di: “Èske nou ta dwe achte yon machin?” Oswa, “Kisa m ta dwe . . .”

Bon, se pa de sa ke Jezi te pale, oswa Bib la la, pou di: “Piga w dwe pèsonn moun anyen.” Se lè w ap trennen dèt ke w ka peye. Peye yo. Sa pa t . . . Se sa ki pa dwe pèsonn moun anyen an. Sa pa vle di . . . O lala, nou dwe lwaye nou, fakti telefòn nou, nou . . . ak kisa ankò. Nou—nou dwe bagay sa yo, epi nou peye yo. Men, yon vye dèt k ap trennen ke w te ka peye, peye l. Ou wè? Kounye a, pigaw ale ak ankenn bagay pandye sou ou konsa.

¹³ Mwen sonje yon lè mwen te malad, yon fwa lè sa mwen te yon jenn gason. Mwen te soti kite lopital la ak yon dèt apeprè de mil dola. E nou te abitye gen yon famasi la, pou Mesye Swaniger, mwen te dwe l apeprè twa katsan dola, pou yon fakti medikaman. Li pa t menm konnen m. E nonm lan . . . Mwen t al kote l. Mwen pa t konnen l. E li jis te livre l anwo a la, kanmenm, li pa t janm refize livre l. E mwen te di: “Mwen dwe w.” E m te di . . . Mwen kwè, Swaniger . . . Se te Mesye Mason anba sou Court Avenue e Spring.

E Mwen te di: “Mwen dwe w. Men mwen—mwen jis ankò malad tèrib, men m ap eseye al travay. Bon, si m paka peye w . . .” M te fenk vin Kreyen. Mwen di: “Premye bagay, Mesye Mason, se devwa m anvè Bondye, Mwen dwe L dim yo. Mwen vle peye dim mwen ba Li, dabò.” Mwen di: “Aprè sa pwochen devwa m se pou m peye dèt mwen.” M di: “Papa m on jan malad, e li . . . E nou gen . . . Gen nou dis timoun nan fanmi an.” Men m di: “M ap . . . Si m paka peye pa plis ke vennsenk kòb sou fakti sa, chak lè gen pewòl; si m paka peye w menm vennsenk kòb la, m ap vini pou pale avè w sou sa. M ap di w, ‘Mwen—mwen—mwen paka fè sa fwa sa.’” Bon, avèk èd Bondye, mwen te peye chak santim. Ou wè? Men se sa mwen vle di, ou wè? Se pa jis yon moun ki di . . .

¹⁴ O, yon Kreyen la nan legliz la yon fwa te soti epi li te fè yon travay sou yon machin la, e nonm lan te vini . . . Nonm lan te di: “M ap peye w. Y ap peye m samdi,” oswa yon bagay konsa. E li pa t janm peye l. E semèn apre semèn te pase, e li pa t janm peye l, li pa t janm di yon mo. E—e nonm lan te vini pou mande m, li te di . . . Ou wè, sa reflete kont legliz la. Sa reflete kont Kris.

Si w paka peye l, al di li, konsa: “Mwen dwe w, e m ap peye w. Mwen se yon Kreyen, men mwen—mwen jis . . . mwen paka fè sa kounye a menm, mwen gen . . . mwen gen dèt sa.” Epi, sonje, sa nan liv Bondye a tou, ou konnen, sa w ap fè a. Kifè sa se . . . M ap eseye, pou tèt mwen e pou nou tout ansanm, m ap eseye prè, paske nou konnen nou ap apwoche de yon bagay, trè pwòch yon bagay ki sou pwen rive. Kifè nou vle prè. Alòske Vini Seyè a ap apwoche tèlman kounye a, nou vle prè pou gran moman sa.

15 Bon nou prè pou pale kounye a sou yon ti sijè la ke m te chwazi maten an, avèk èd Seyè a. E nou va pale jis osi rapid ke nou kapab, akòz moun ki konekte yo. Mwen espere ke nou tout nou gen yon . . . nou tout atravè peyi a, nou gen yon bèl matine menm jan nou genyen isit la nan Indiana. Nou gen yon bèl tanperati frè, byen kounye a depi lapli a. E se trè byen.

16 Kounye a mwen vle li nan Liv Ebre, premye chapit la; epi nan Liv Sen Jan, chapit premye a. Ebre 1:1 a 3, epi Sen Jan 1:1, kòm tèks. Sijè mwen maten an se yon etid sou Lèzekriti. Kounye a annou li Ebre 1:1.

Bondye, nan tan pase yo . . . ak divès mannyè te pale nan tan pase yo ak zansèt yo pa pwofèt yo,

Men nan dènye jou yo li te pale avèk nou pa Pitit Gason l lan, li menm ke yo te chwazi pou eritye tout bagay nèt, pa li menm tou li te fè mond lan;

Li menm ki vini nan ekla briyans glwa li, epi . . . nan imaj ki te pwojte de pèsòn li, e ki ap soutni tout bagay nèt pa pwisans pawòl li, alòske pa limenm li te pirifye peche nou yo, te chita adwat Majeste trè wo a;

Ala yon bèl lekti! Kounye a Sen Jan 1:1.

Nan kòmansman an se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye.

17 Bon, tèks mwen maten an se: *Kris Ki Revele Nan Pwòp Pawòl Li*. Bon, sa k te fè m rive a konklizyon pou pale sou sa a, se te poutèt ke . . . Mwen konsyan ke sa n ap di pa dwe jis pou dizon poutèt nou rasanble ansanm pou ap pale senpleman pa aza sou nenpòt ki bagay, men sa dwe yon bagay ki va estabilize pèp la, paske nou pral pase atravè dlo trèt, ki gen danje. Nou deja ap navige atravè yo. E pafwa mwen kwè se sa k rive avèk ou menm jan pou mwen, sa sanble sa, tèlman konsa, sa tèlman bay laperèz.

18 Mwen te jis ap pale ak yon jenn minis ak madanm li, nan chanm lan, sa fè jis kèk moman. E yo toulède nève jis tankou rès mond lan, rès èt imen sou tè a. Mwen di: “Sonje, Satan gen dwa pou ba w yon kou.” Mwen pa bezwen konnen kimoun ou ye, Bondye . . . Li gen dwa a sèl kou sa. Ki jan ou ta renmen l vini, kou sa; swa w avèg, swa w gen atrit chita nan yon chèz, swa w nève? Ou wè? Li gen yon kote li kapab frape w. Li gen dwa a kote fèb sa. Bon, sa se kote ou dwe bouche tout tan an. E lè w konsidere aj nève sa ke n ap viv ladann lan!

19 E bann semèn dènye yo, mwen panse, va revele pou nou gwo bagay lèd nou pral pale sou yo a youn nan jou sa yo kan nou va jwenn yon kote ki gen kapasite, sou ouvèti dènye fleyo sa yo ki pral devèse sou tè a, Koup sa yo, pito, devèsman Koup yo, ak Sèt Tonè yo, epi imaj lèd sa yo ki pral vini sou tè a. Lòm kounye a, epi moun yo jodi a, nan yon tèl kondisyon mantal; lemond antye!

20 Si nou te li *Reader's Digest* mwa dènnye a, nou t ap remake sijè sa la; se sou Billy Graham, gran evanjelis la. Li te tèlman fatige ke li jis pat ka òganize reyinyon l yo, e li—li te ale nan klinik Mayo pou yon egzamen fizik. Pa t gen anyen ki mal avèk li, sèlman li jis pa t travay ase. E yo te fè l ap kouri; fè egzèsis fizik. Li te kouri yon mil distans chak jou.

E answit atik la kontinye pou di ke lasyans pwouve sa jodi a, ke jenn timoun yo, jenn ti gason ak tifi sa yo, “atenn aj mwayen yo a vennsenk an.” E a vennsenkan, anpil fwa, nan anpil ka, tifi yo depase menepoz, a vennsenkan daj.

Mwen pa konn si w te konn sa ou pa, men kèk nwit pase pandan ke Sentespri a t ap pale la nan reyinyon an, yon ti jenn fi ki te chita la, se egzakteman sa ki t ale mal avèk timoun sa kan sa te disène. Mwen te gade l dezyèm fwa, m te gade ankò, e mwen te wè kisa pwoblèm lan te ye. Mwen te panse: “Se pa posib; timoun sa twò jenn.” Men se te menepoz, apeprè ventan, venntwa, yon bagay konsa. Ou wè?

21 Manman m ak manman w atenn laj sa apeprè a karannsenk ak senkant lane. Madanm mwen atenn laj sa apeprè a trannsenk an. Kounye a sa desann a ventan. Tout ras imen an nèt pouri. Ebyen, si pati fizik sa yo nan kò nou ap desann konsa apati de manje ibrid yo n ap manje a, tansyon yo, ki pouri li, èske sa p ap pouri sèvo a tou? Alò nou ka wè kouman fanm yo fè ka al nan lari a, toutouni. Nou ka wè kouman yo ka fè ap fè vitès nan tout lari yo—yo a san epi sanven mil alè, ak tout bagay sa yo. Sa rive nan yon pwen kote tout nasyon an nèt, tout mond lan nèt, non sèlman nasyon sa, men toupatou, pèdi lòlòj yo.

22 E answit lè nou va louvri bagay sa yo, si Seyè a vle, Sèt Koup sa yo pou montre bagay lèd sa yo. Lèzòm va tèlman fou, apre yon ti tan, jouk yo va imajine ke y ap wè foumi ki gwo sè yon montay. Sa va toumante fanm yo; sotrèl ki va vin sou latè, avèk cheve byen long, pou toumante fanm ki koupe pa yo; avèk cheve tankou fanm, pandye desann; ak dan byen long, tankou lyon; ak zegui nan ke yo, tankou eskòpyon, e—e latriye, pou toumante lèzòm sou tè a. Men lè sa li va twò ta pou fè kwakseswa konsènan sa. Mete w an règ kounye a. Ou wè? Touman!

23 E dimanch pase pandan nou t ap antre nan zafè sa yo, konsènan kouman senk sans yo nan domèn eksteryè a. Sa se aksè pòt antre a, senk sans pou kò a. Gen sèlman yon sèl fason ou kapab gen aksè nan kò a, se pa senk sans sa yo: sans wè, sans gou, sans pran sant, ak sans tande. Pa gen okenn lòt fason pou kontakte kò a—a.

24 Anndan nonm sa gen yon nonm yo rele espri, li gen senk sans: panse, panse a . . . epi panse, epi sans renmen, epi sans pran konsyans, e latriye. Dakò.

25 Bon, ou pa ka panse ak kò w. Ou panse ak lespri w. E anndan la se la ke twòp Kreyen, anpil, yo senpleman rete. Yo ka, jis

menm jan ak grenn mayi ak movè zèb nan chan an, yo ka wenn ak menm Sentespri ke veritab kwayan an wenn avèk Li a.

Men desann anndan sa, pwochen dimansyon an, twazyèm dimansyon an, se nanm lan; e Bondye predestine sa. Men ki kote veritab jèm-semans lan repoze l, se anndan la.

²⁶ E, sonje, si m ta pran yon chadon epi koupe l louvri, grefe anndan kè yon—yon grenn ble mete la, antere l, li t ap bay yon grenn ble ki t ap soti nan chadon an; pe enpòt sa deyò a ye a, sa emosyon yo ye.

²⁷ Jodi a, yo tèlman nan konfizyon konsènan evidans Sentespri a, ak bagay konsa. Satan ka imite tout jan de don Bondye genyen, men li paka pote Pawòl sa, Mo pou Mo. Se la ke l te echwe nan jaden Edenn lan. Se la li toujou echwe. Se la ke sa yo, bann sou “fo, wen yo,” oswa sila ki wenn yo; yo kapab wenn avèk Lespri, ap pale an lang, ap danse, ap rele fò, ap preche Levanjil, e poutan yon demon.

Se anndan an! Bon sonje, Jezi te di: “Tout sa Papa a te ban Mwen va vin jwenn Mwen. Pèsonn paka vini sof si Papa M atire l dabò.”

Kounye a, nou te pase atravè leson an, pou montre ke nan . . . Ou te nan aryè-aryè-aryè-granpapa w, byen lwen an aryè, fizikman palan. Alò, se sa ou ye fizikman, natirèlman. Pafwa yon timoun va fèt nan yon fanmi, ak cheve kannèl. Sa etone papa a, paske li pa konn pèsonn moun, nan fanmi l, ak cheve kannèl, oswa bò kot manman an. Men si w retounen byen lwen an aryè pandan plizyè jenerasyon, w ap jwenn yon moun ki te gen cheve kannèl. Semans sa kontinye ap desann, e ou pran nati youn ki te la byen lwen an aryè.

Tankou sa di nan Ebre chapit 7, ke, “Mèlkisedèk, Abraham te peye L dim kan li t ap retounen sot nan masak wa sa yo. E Levi, ki te resevwa dim yo, te peye dim,” poutèt li te nan ren Mèlkisedèk nan . . . oswa, “nan ren Abraham,” pito, lè l te rankontre Mèlkisedèk.

²⁸ Kounye a se menm bagay la avèk sa a. Si w se yon pitit gason Bondye, e si m se yon pitit gason Bondye, oswa yon pitit fi Bondye, nou te nan Bondye nan kòmansman. E lè Jezi te vin plenitid Pawòl la, alò nou te nan Li, sou fòm on jèm. Lè yo te krisifye L, nou te krisifye nan kò Li. Lè Li te resisite, nou te resisite avèk Li. Epi la, poutèt nou te rekonèt sa, “kounye a nou chita avèk Li, nan lye Selès yo nan Kris Jezi.” Ou wè? Paske Li . . . Nou, si nou se pitit gason ak pitit fi Bondye, nou se pitit Bondye, alò nou se atribi Bondye. Alò nou te . . . gen Lavi Etènèl. E Bondye se sèl Vi Etènèl ki genyen. Alò, nou te nan Li depi nan kòmansman. E kan Jezi te vin tout Pawòl sa, alò nou te yon pati nan li lè sa. Amèn! Men li. Pou ke anndan la, pa ka gen ankenn demon, ankenn puisans, ankenn anyen ki ka janm fè l bouje. Sa se poto datach nanm lan.

29 Ou kapab wenn *isit* la, nan lespri sa, epi gen dezi, epi fè tout lòt bagay sa yo. Men kan li kesyon de poto datach pou Pawòl sa, ou p ap janm fè yon pa la. Sa va kenbe fèm e fidèl, a Pawòl sa, jan sa ka ye. Andeyò sa, pe enpòt sa w fè, ou toujou pèdi.

30 Laj Legliz Lawodise sa, “toutouni, avèk, mizerab; san l pa menm konn sa.” Ou wè, li pa ladann . . . Se ke yo wen, wenn avèk veritab Espri a. Ou wè, Sentespri sa ka tonbe sou yon nonm, nan lespri l. Men nanm li se jèm li; jèm sa se Pawòl la. Ou wè? E kouman . . . M pa bezwen konn kouman w ka preche, kouman w fè *sesi* byen, ak kouman w renmen; sa se youn nan aksè pou lespri a. Ou pa ka renmen avèk kò w; ou renmen avèk lespri w. Sa se youn nan aksè yo. E ou ka renmen, epi menm renmen Bondye, e malgretou ou pa kòrèk. Ou ka chase demon, preche, fè bagay sa yo; malgretou ou pa kòrèk. Jezi di sa, Li di anpil va vini jou sa. Pawòl sa regle sa!

Nan kòmansman an se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la se te Bondye.

E Pawòl la te fè l chè, e l te abite pami nou, . . .

31 Remake, mwen pral pale sou sijè Bib sa a, ki se, *Kris Ki Revele Nan Pwòp Pawòl Li*. Sa k te mennen m a konklizyon sa, se te nan chanm mwen.

Yon moun ki chè a mwen menm, li ka chita la maten an . . . Mwen gen yon tablo ki kwoke nan biwo m anwo la, se yon tablo *Pòtrè Kris Hofmann* lan, avèk ekriti *Beyatitid* yo. E drèt kote ou te ka vini pou plase tankou w ta bezwen plase yon pati nan cheve a, yo te fè yon ti presyon pi fò sou penso a lè w rive nan pati sa. La, Men Li, tabli nan Pawòl Li, k ap gade toudwat; Kris nan *Beyatitid* yo. Yon moun, pe enpòt kimoun sa te ye a, mwen di w mèsì pou sa.

E yon moun te pote tablo sa e l te mete l nan biwo m lan, pòtrè Eli k ap monte nan yon charyo dife. Nou apresye bagay sa yo. Anpil fwa, akòz pakèt foul moun, mwen jis pa gen chans pou m pale epi di bagay sa yo, men mwen wè l, frè, sè. Mwen—mwen konnen sa, e Bondye konn sa.

32 Kounye a mwen pral pale sou sijè sa: *Kris Ki Revele Nan Pwòp Pawòl Li*. Kouman, nan *Beyatitid* yo, ou jwenn yon pòtrè Kris, ki kanpe drèt la, menm jan an. Se la mwen te panse a sijè sa. Bon, Kris ak Pawòl la se menm lan. Ou wè?

33 Yo di: “Kijan Bib la fè te . . . ?” Moun k ap di. Mwen t ap monte cheval ak yon nonm sa pa fè lontan. Li te di: “Panse a sa. Nou isit la sou tè a, jan nou ye a, e nou sèlman konnen oswa nou sèlman ka di ke nou te sove pa yon liv lejann Jwif ke yo rele Bib la.”

34 Mwen di: “Mesye, mwen pa konn kijan w fè di sa, men mwen pa kwè ke se yon liv lejann Jwif,” mwen di.

Li di: “Ebyen, lè w priye, a kimoun ou adrese priyè w? Mwen te mande *tèl tèl* bagay; mwen pat jwenn li.”

35 Mwen di: “Ou priye mal. Nou pa ta dwe janm priye pou chanje panse Bondye; nou ta dwe priye pou chanje panse nou. Panse Bondye pa bezwen ankenn chanjman. Ou wè? Ou wè, se kòrèk.” Mwen di: “Se pa akoz sa ou te priye a . . .”

Mwen konn yon jenn gason Katolik, ki te gen yon liv priyè, yon fwa, pou resite priyè, pou manman l te ka viv. Epi manzè te mouri, e li te jete liv priyè a nan dife. Ebyen, ou wè, mwen pa apiye liv priyè sa; men, kanmenm, ou wè, ou te pran move atitid la. W ap eseye di Bondye kisa pou L fè.

Priyè ta dwe: “Seyè, chanje m pou m konfòme m a Pawòl Ou.” Se pa, “Chanje,” se pa, “kite m chanje panse Ou. Ou menm chanje panse pa m.” Ou wè? “Chanje panse m pou volonte pa W. E volonte W ekri isit la nan Liv la. Epi, Seyè, piga—piga W kite m ale toutotan W pa mete panse pa m—pa m jis tankou panse pa W. E apre sa lè panse pa m vin tankou panse pa W, alò mwen va kwè chak Pawòl Ou te ekri. E Ou te di, la, Ou t ap fè ‘tout bagay travay ansanm pou byen’ sila yo ki renmen W. E mwen renmen W, Seyè. Sa se tout bagay k ap travay ansanm pou byen.”

36 Mwen te desann semèn sa anba nan peyi a, m te rete avèk kèk bon zanmi. Mwen te mande kèk nan yo ki te sou tab la, yè, lè nou t ap manje a. Nou toujou konn chita ansanm pou pran yon ti . . . tankou on jan de ti etid Biblik. Nou t ap pale sou lanmou.

E gen yon moun ki te di m, li te di: “Mwen kwè ou se yon antikris.”

37 Mwen di: “Si sa t ap fè Seyè m lan plezi, se sa mwen vle ye. Mwen vle nenpòt sa Li vle m ye a. Mwen renmen Li. E si L ta vle chase m nan lanfè, mwen t ap renmen L kanmenm, si m ta prale ak menm lespri mwen genyen kounye a.” Li te gade m on jan etranj.

Mwen te wè kat oswa senk nan yo la, jèn gason; jèn dam, fanm de byen. Mwen te konnen kijan mesye sa yo te renmen madanm yo, kifè mwen te di yo, m te di: “Men fason pou teste sa. Si madanm ou, anvan nou te marye . . . Bon, ou retounen, pou di ou . . . vi mouche marye sa, ou te reve ke w te marye; an reyalite ou pat marye, men ou reve ke w te marye. e ou reveye, ou t al pale de sa ak mennaj ou, pou di, ‘Ou konnen, mwen te reve ke nou te marye, e nou te gen timoun. Nou t ap viv ak kè kontan, epi—epi nou t ap tann Vini Seyè a, ak tout lòt bagay konsa.’ e apre sa jenn fi sa ta di w, ‘Ou konnen, mwen gen yon lòt moun ke m renmen pi plis pase w. M ap pi kontan avèk lòt nonm lan.’ Èske w t ap kapab, ak tout kè w, renmen l ase pou di, ‘Ke benediksyon Bondye repoze sou ou, cheri pa m lan. Al jwenn lòt nonm sa a’?”

Bon, kounye a gade sa, nou chak mesye oswa medam yo. Ou wè? Ebyen, si lanmou w lan kòrèk, w ap fè sa, poutèt ou enterese a byennèt li. Se kisa, ou konnen ou t ap ka genyen l, ou ka viv avè l, ou . . . Li se madanm ou; li va vin sa. L ap marye avè w, men li p

ap kontan. Li t ap pi kontan . . . E lè sa, si w renmen l, alò ou vle ke li kontan.

Kidonk, pe enpòt sa volonte Bondye ye, ke volonte Bondye fèt, ke mwen kontan avèk sa ou non. Mwen vle viv pou Li kapab pran plezi nan sa m ap fè. Kidonk verifye objektif ou—ou ak motif ou avèk sa; pou w konn si w renmen Bondye ou non.

Sa k t ap rive si L ta di: “Sèvi Mwen menm si Mwen pral voye w jete?”

“Mwen renmen W, kanmenm.”

³⁸ Kidonk, si legliz yo te ka wè sa epi te ka kwè sa nan fason sa, pa t ap gen youn k ap eseye retire balon an nan men lòt zanmi an lè l ap kouri avè l. Li t ap pwoteje sila. Ou wè? Alò, vrè reyèl motif ak objektif la, pa t ap youn k ap eseye di: “Hey, mwen menm tou mwen gen *sesi!* Mwen, *sa* se mwen, *sa*.” Ou wè, Bondye pa ka itilize yon nonm. Gen tèlman imitasyon ki swiv sa, e sa se Satan. E moun yo pa ka reyalize sa. Y ap eseye pran balon an nan men yon moun yo te bay li. Kite Bondye sisite yon ministè kèlkonk epi obsève ki kantite ki pral dèyè l. Ou wè? Ou wè?

³⁹ Kounye a, lanmou otantik pou Bondye va di: “Kèlkeswa pati m reprezante a, Seyè, si m ka sèlman di yon mo pou Sa, ede m pwoteje L, pèmèt mwen fè sa.” Ou wè?

Sa t ap menm bagay la konsènan madanm ou. Si w renmen l vrèman, ou wè, se pa yon—se pa yon—yon lanmou *fileyo*; se yon lanmou *Agapao*, yon lanmou otantik. Li ka viv ak yon lòt moun, ak plis kontantman; bon kounye a ou pa marye, natirèlman, ou paka fè l.

⁴⁰ Epi tou, an pasan, moun k ap tandè bann sa yo. Kèk nan yo, anpil, te ekri, pou di: “Enben, nan *Maryaj Ak Divòs*, ou te di *sesi* epi ou te di *sela*.” Mwen repete sa tèlman de fwa; bann sa yo se pou sèlman . . . M ap pale ak kongregasyon mwen an, frè. Mwen pa responsab pou sa Bondye ba ou antan ke bèje; mwen responsab pou jan de Nouriti mwen bay moun sa yo manje. Sa a se pou tabènak sa sèlman. Ou wè? Bon, si moun yo vle tandè bann yo, sa regade yo. Men m ap pale a sila yo ke Bondye ban mwen. Se peche pa yo ki te padone a.

Yon moun te ekri, pou di: “Ebyen, mwen te fè *sesi* epi mwen te fè *sela*. Ou te di ke peche pa nou . . .” Mwen—mwen pat di sa.

Mwen di: “Al verifye pou sa; sa a se sèlman pou moun sila yo drèt isit la, moun isit yo nan tabènak la, pwòp twoupo pa m lan.” Bon, si moun yo vle manje ibrid ak bagay konsa deyò a la, ke w—ke w jwenn revelasyon an de Bondye epi fè sa Bondye di w pou w fè. Mwen va fè menm bagay la. Men Mesaj sa yo se pou legliz sa a.

⁴¹ Remake kounye a, nou retounen, nou dwe gen yon lòt bagay ke nou dwe kenbe. Yon bagay ki dwe yon poto datach, nan lòt mo, sa dwe yon pwèn final. Epi chak moun dwe gen yon pwèn final

oswa yon absoli. Mwen te preche sou sa yon fwa, plizyè lane pase, sou yon absoli, yon kote ki gen dènye mo a.

⁴² Tankou abit la nan jwèt foutbòl, si l di ke se yon priz, se jis egzakteman sa li ye. Kèlkeswa jan ou te wè l, abit la di se yon priz. Ou va di: “Mwen—mwen—mwen. . . Se pa t yon priz. Li te ale. . . Mwen te wè. . .” Kèlkeswa sa l ye, kan li di, “priz,” se sa, sa jis regle sa. Li menm, li se pwen final la.

⁴³ Limyè trafik la se yon pwen final, si l di, “pase.” Ou menm ou di: “Ebyen, mwen, mwen prese, mwen dwe. . .” Non, non. Li di: “Ou menm ret trankil pandan lòt zanmi an ap pase.” Ou wè? Se pwen final la.

⁴⁴ Bon, dwe gen yon pwen final pou tout bagay w ap fè. Te dwe gen yon pwen final lè w te chwazi madanm ou. Te dwe gen yon fanm ke w te dwe chwazi.

⁴⁵ Kounye a, dwe gen yon moman kote, lè w pral achte yon machin, ki jan de endikatè final ou pral etabli. Èske se va Ford, Chevy, Plymouth, machin etranje, kèlkeswa sa l ye a, ou dwe gen yon endikatè final.

E se menm bagay la avèk lavi Kreyòl. Yo dwe gen yon pwen final.

⁴⁶ Bon, si yon nonm di, al jwenn yon lòt nonm pou di. . . li te tande yon moun di: “Ebyen, ou ta dwe batize,” e zanmi sa pa t janm. . . Petèt, li, nan yon legliz ki pa batize, yo jis awoze. M ap panse, annou di pa egzant, Metodis yo, yo batize si yo mande yo, dapre sa m konprann. Ou petèt. . . Yon Katolik, mwen kwè ke yo sèlman awoze. Kifè la si—si yon moun te tande yon bagay konsènan “plonje nan dlo,” ebyen, li pat konprann sa; li te leve nan Katolik. Kifè l al wè prèt la, pou di: “Mon pè, mwen konprann ke nou sipoze batize pa imèsyon. Kisa legliz nou an di konsènan sa?”

⁴⁷ “Enben, sa di ke—ke nou dwe awoze.” Si legliz sa se pwen final pou li, se regle. Tout diskisyon sispann; legliz la pwononse l, e se tou.

⁴⁸ Sa k rive si. . . si yon frè Batis tande nou di ke nou kwè nan batize pa “imèsyon”? Li t ap di: “Mwen kwè sa.”

“E nan Non ‘Jezikri.’”

Kounye a, manm legliz sa a—sa a retounen al jwenn pastè a pou di: “Pastè, mwen te tande yon zanmi ki te di m ke nou dwe batize pa imèsyon, dakò, men nan Non ‘Jezikri.’”

⁴⁹ “Ebyen,” li va di, “bon, annou wè. Enben, isi a liv la di ke nou dwe batize ak ‘Pè, Fis, Sentespri.’” Si legliz sa se pwen final la, se regle. Li pa fè ka de sa ankenn lòt bagay di; sa se pwen final pa l.

⁵⁰ Ebyen, chak denominasyon se yon pwen final pou kwayan pa l yo.

Men, pou mwen menm, e pou sila yo ke m espere m ap kondwi pou Kris, e avèk Kris, Bib la se pwen final pa nou. Pe enpòt . . . Paske, Bondye di, “Ke pawòl tout moun pwouve se manti, e Pawòl pa M Verite.” Mwen kwè ke Bib la se pwen final Bondye. Pe enpòt sa nenpòt lòt moun di; Se pwen final la.

Bib la se pa yon liv sistèm. Non, mesye. Se pa yon liv sistèm, ni yon kòd moral. Bib la se pa yon liv sistèm, si tèlman gen sistèm, ak bagay konsa. Non, mesye. Se pa yon liv moral. Non, mesye. Se pa sa. Li pa yon liv istwa non plis, an jeneral. Osinon, Li pa non plis yon liv teyoloji. Paske, Se revelasyon Jezikri.

Kounye a si w ta renmen li sa, ou menm ki gen papyè ou, make sa, se nan Apokalips 1:1 a 3, ke, Bib la se “Revelasyon Jezikri.”

⁵¹ Annou li l pandan nou gen tan. Mwen kwè . . . pa gen twòp nòt la pou m pale sou yo. Si Seyè a ta vin pita, enben, n ap eseye reprann apati de sa yo.

Revelasyon Jezikri, ke Bondye te ba li, pou montre sèvitè l yo bagay ki dwe rive byento; ke l te voye pou rann sa klè pa anj li an sèvitè pa li Jan:

Ki te temwaye de pawòl Bondye a, ak . . . temwayaj Jezikri, ak tout bagay ke l te wè yo.

Ke sila k ap li a, ak sa yo k ap tandè pawòl pwofesi sa a ka beni, sa yo ki kenbe bagay ki ekri ladann lan: paske tan an pwòch.

⁵² Kidonk, Bib la se revelasyon konplè Jezikri. E se pwofèt yo ki te ekri L. Ebre1:1, nan . . . “Bondye, Ki te pale nan tan pase yo ak zansèt yo pa pwofèt yo, nan dènye jou sa yo pale avèk nou atravè Pitit Li a, Jezikri,” ki te reprezante pwofèt yo, yo tout, ansanm. Jezi se te Malachi; Jezi te Jeremi, Ezayi, Eli. Tout sa ke yo te ye, se te nan Li. E tout sa ke w ye, tout sa mwen ye, se nan Li; Pawòl, temwen Pawòl la.

Kidonk Li pa yon liv sistèm, yon kòd etik moral, Li pa yon liv istwa non plis, oswa yon liv teyoloji. Li pa sa. Men se yon revelasyon Jezikri, Bondye Limenm Ki revele, pase de Pawòl a chè. Se sa L ye. Bib la se Pawòl la, e Bondye se kò chè a, Bondye nan . . . Bondye se Pawòl la, pito, e Jezi se kò chè a. Se revelasyon, kijan Bondye (Pawòl la) te manifeste nan lachè imen, epi te revele a nou menm. E se poutèt sa Li vin yon Pitit Bondye a; Li se yon pati nan Bondye. Nou konprann? Kounye a, Li pa . . . Kò a fè pati de Bondye, si tèlman ke se yon Pitit.

⁵³ Yon Pitit, jan Katolik yo di l la, “Pitit Etènèl,” ak tout rèz legliz yo; koze a pa menm fè sans. Ou wè? Li paka Etènèl, epi rete yon Pitit, paske yon *Pitit* se yon bagay ki te “anjandre apati de.” E mo Etènèl la, Li paka yon Etè- . . . Li ka yon Pitit, men Li paka yon Pitit Etènèl. Non, mesye. Sa paka yon Pitit Etènèl.

⁵⁴ Bon, men Li se Pitit la, si tèlman, ke tout Pawòl ki te nan Jeremi, nan Moyiz, epi tout Pawòl sa yo, jan Li te di a: “Yo pale

de Mwen.” Tout vrè revelasyon Divin Pawòl sa te abouti nan yon sèl kò imen, e Bondye te mete chè toutotou Li. Se poutèt rezon sa yo te rele L “Pitit,” pou rezon sa Li refere a, “Papa.” Enben, sa jis byen senp, si w senpleman kite Bondye devèse l nan panse w. Ou wè? Bondye Ki te revele nan yon kò de chè, remake, Ki te revele apati de lachè . . . oswa apati de Pawòl a lachè. Sa se Sen Jan 1:14: “E Pawòl la te fè L chè, e Li te abite pami nou.”

⁵⁵ Bon remake Bib sa a. Gen nan yo ki di: “O, ebyen, Li fè sesi, li fè sela.” Men kite m di w yon bagay, annou jis . . .

Annou ale nan istwa Bib la, jis yon minit, pou wè ki kote L soti. Li te ekri pa karant ekriyen diferan. Karant moun te ekri Bib la, pandan yon espas de mil sisan lane separe, e nan diferan zepòk, pou ap predi evènman ki pi enpòtan ki te janm rive nan istwa mond lan, e, anpil fwa, plizyè santèn ane anvan sa te rive. E pa gen yon sèl erè nan tout swasann sis Liv yo an antye. O, la la! Pa gen lòt otè ke Bondye Limenm ki te ka si presi konsa. Pa gen yon Pawòl ki kontredi lòt.

Sonje, mil sisan lane separe, sa te pran pou ekri Bib la, depi Moyiz jouk—jouk lanmò—lanmò Jan sou zile a, oswa sou zile Patmòs la. Mil sisan lane, e se te karant diferan otè ki te ekri l; youn pa t menm konn lòt, e yo pa t menm te genyen L antan ke “Pawòl la.” Kèk nan yo pa t janm menm wè “Pawòl la.” Men lè yo te ekri L, e yo te konprann yo se pwofèt, alò, lè yo te mete pwofesi yo a ansanm, yo chak te konfòm youn ak lòt.

⁵⁶ Gade Pyè, ki te anonse Jou Pannkot la: “Repanti, nou chak, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche nou yo.”

Pòl pa t janm tande anyen sou Sa. Li te desann an Arabi pandan twazan, pou etidye Ansyen Testaman an, pou konnen Kiyès Kolòn Dife sa te ye ki te pale avè l sou wout la, pou ap di: “Sòl, poukisa w ap pèsekite M?” Kouman l te ka fè gen tò? Li pa t janm konsilte legliz ditou.

E karant lane pita, kan l te rankontre Pyè, yo t ap preche menm bagay la, Mo pou Mo. Sa se Bib nou an. Ke pawòl lòt moun fayi. *Sa a*, pèsonn pa ka ajoute sou Li. Ou pa ka ajoute anyen nan Bib sa. Non, mesye. Sa a se Revelasyon konplè a. Se tou.

⁵⁷ Tankou Sèt So yo. “Sèt So Yo,” yon moun kontinye ap di m, “bon ou pral . . . Seyè a pral pale avè w, Frè Branham, kan So sa yo revele, e Li va di nou kijan nou ka vin pi pwòch Bondye, e kijan pou nou fè l.”

⁵⁸ Mwen te di: “Non, mesye, se pa posib. Paske, Bib la, Sèt So ki sou Li yo te gen sèt mistè kache yo. Sa te deja ekri, men yo pat konprann kisa sa te ye.”

Obsève kijan yo te travay avèk sa, pou t ap batize nan Non “Jezi” a; ou wè, se pat sa. Nan Non “Seyè Jezikri”! Ou wè tout bagay sa yo, kijan sa te ye. Paske, gen plizyè Jezi; mwen gen plizyè

zanmi la sou tè a ki rele “Jezi,” zanmi minis. Se pa sa. Se “Seyè Jezikri” nou an.

Pa gen lòt otè ke Bondye ki te ka si tèlman kòrèk. Kounye a annou jis wè kouman Bib sa a te ekri.

⁵⁹ Bon, dizon pa egzanp, apati de . . . Sa ki t ap rive si nou t a ale kounye a pou pran swasann sis liv medikal ki gen rapò ak kò sa, ki te ekri pa karant diferant lekòl, san sèz . . . oswa separe de mil sisan lane distans? M ap mande m a ki jan de kontinwite nou t ap abouti?

Kan, George Washington, prezidan nou an, sa fè apeprè desan lane, pou trete nemoni li a, yo te soti zong zòtèy li pou yo te senyen l pran yon pent. Sa k t ap rive si nou ta pran . . .

⁶⁰ Ann al on tijan pi lwen, sou kèk bagay ki tèlman atire nou jodi a, se lasyans. Sa ki t ap rive si nou ta pran karant syans diferan, separe de mil sisan lane pase, pou wè a kisa nou t ap abouti? Yon savan Fransè, sa fè twasan lane, te pwouve pa lasyans, si w woule yon balon, ke, si w te reyisi atenn yon vitès tèrib ki depase trant mil alè, objè a t ap kite tè a pou tonbe nan vid. Èske w panse ke lasyans ap janm refere l a sa? Èske gen yon kontinuite ak sa kounye a, alòske y ap woule sou lari yo, sou wout la, a sansenkant mil alè? Ou wè? Poutan li te pwouve syantifikman ke, akòz de presyon balon an k ap woule atè a, ke a trant mil alè, ke, tout objè, t ap sòlve kite tè a pou al fè wout li, li t ap tonbe nan lespas. Non, pa gen ankenn kontinuite avèk sa.

⁶¹ Men pa gen yon sèl Mo nan Bib la ki kontredi yon lòt. Pa gen yon sèl pwofèt ki te janm kontredi yon lòt. Yo chak te pafè. E kan youn te vini e li te pwofetize, e vrè pwofèt sa te leve pou l te reprimande l, alò sa te manifeste. Ou wè? Ou wè? Kidonk Bib la se Pawòl Bondye, pou tout vrè kwayan.

⁶² Bon, ou pa t ap ka jwenn ankenn presizyon sou sa ke doktè yo t a tonbe dakò. Ou pa ka menm jwenn presizyon pami yo kounye a. Ou pa ka jwenn presizyon nan lasyans kounye a la.

Kounye a, ou konnen, sa fè kèk tan pase, yo te di nou ke . . . ke, “Kan Bib la di ke ‘li te wè kat Zanj ki te kanpe nan kat kwen tè a,’ ke sa pa t posib. Tè a te won.” Men Bib la di, “kat kwen.” Ebyen, bon nou te wè, sa fè de semèn pase, oswa twa semèn pase kounye a, jounal sa yo ki te poste atik sa, yo te dekouvri ke mond lan kare. Konbyen moun ki te wè sa? Eben, sèten. Ou wè? Mwen te kopye tout nèt, m jis ap tann yon moun di yon bagay.

⁶³ E yo va jwenn sa, yon jou, ke yo p ap gade sansenkant milyon ane espas limyè non plis. Yo jis ap tounen an won. Se egzaktman sa.

Nou va jwenn, youn nan jou sa yo, ke kan w al nan Syèl, ou pa pran vole al yon lòt kote. Ou toujou drèt isit la, tou, jis nan yon lòt dimansyon pi vit ke sa a.

Drèt atravè pyès sa a gen koulè k ap pase. Chak koulè, chemiz, wòb, kèlkeswa sa w pote sou ou a, li Etènèl, tabli nan anrejistreman, ki pral fè viwonn ap tounen epi tounen ankò toutotou mond lan. Chak fwa ou bat je w, sa jis anrejistre. Obsève, televizyon ap pwouve sa.

⁶⁴ Kan w te fèt, Bondye te mete yon anrejistreman an mach. Li pa fè. . . Li te mete yon anrejistreman an mach, li pa t fèt twòp bwi pandan yon ti tan, ou konnen. Sa se ti bebe a, jouk li te atenn laj pou konprann; alò bwi a te kòmanse, li kòmanse ap di epi ap fè bagay ke li dwe reponn pou yo. E lè sa kan vi sa va fini, anrejistreman oubyen bann sa yo pran l pou depoze l nan—nan gwo tonton bibliyotèk Bondye. Kounye a, kijan w pral fè pase akote sa nan Tribinal Jijman an? Yo te rejwe l drèt devan w, chak mouvman w te fè, chak panse ki te travèse lespri w. Èske w ka wè sa? Kounye a èske w ka wè ki kote Bondye. . .

⁶⁵ Pandan m te kanpe la, lòt jou swa pase a, te gen yon nonm sou estrad la, li wo, yon nonm chòv, yon zanmi ki gen bèl aparans, ki wobis. E li te soti. . . Seyè a te di l yon pakèt bagay konsènan fanmi li e sa li te dwe fè. E li te soti epi l te chita. Nan kèk minit, men yon lòt nonm ki te parèt devan m konsa, men li te gen tèt li bese. Mwen pa t kapab figure sa, e mwen t ap gade nonm lan ankò deyò a la; e li. . . Se pa t li, paske se te yon lòt bagay. E nonm sa, mwen pa t ka jwenn li. Mwen te gade toutotou, pat gen pèsonn, dèyè mwen. Mwen di: “Nonm lan chita anndan rido sa yo la.” E se te nou. . . yon frè ki konn vin legliz isit la, yon nonm wo, chòv, yon sòt de zanmi bèl aparans ki te chita la konsa. E li te gen tèt li panche, ap priye, paske li te jis sou pwen mouri avèk yon pwoblèm lestomak.

Li ta pral achte yon pè soulye. Madanm li te vle l pran yon nouvo pè soulye. Li di: “Non, Mwen p ap bezwen pran yo, paske mwen p ap viv pou m pote yo.”

Li te sou pwen mouri. E li te chita la, ou wè, nan dimansyon sa, alélouya, Bondye te jis aji la pou di, “La li te chita,” jis nan pozisyon li te ye a. Ou wè sa m vle di a?

⁶⁶ Kounye a remake, e pa gen ankenn erè nan Lèzekriti. Jezi, Pawòl Bondye a, te disènan panse ki nan kè. “Pawòl Bondye a pi fò, pi tranchan,” Ebre 4:12. “Pawòl Bondye a pi tranchan, pi pisan ke yon epe file de bò, ki ka menm disènan panse ak entansyon lespri.” Ou wè? Li desann pwofon nan panse, e li fè sòti, epi disènan. Kisa *disènan* ye? “Fè konnen, revele aklè.” E se sa ke Pawòl Bondye a fè.

Jodi a nou di: “Legliz Katolik se Pawòl Bondye a; Batis yo, Metodis yo, Pannkotis la, tabènak la.” Se fo. Pawòl la se revelasyon; Bondye, revele pa Pawòl la.

⁶⁷ Non, nou te ka genyen. . . paka gen ankenn kontinuite pami mond medikal la, pami savan yo, diferant pati.

Si Einstein te sèlman gen aplikasyon espiritiyèl, menm jan l te gen aplikasyon fizik la—la, alòske li t ap etidye lwa ki konsène limyè, ak bagay konsa, li t ap ka di nou kichòy. Kan m te tandè mesaj li a sou gwo sant sa yon kote nan syèl la, ke, “Nenpòt sa ki te antre an kontak avèk sant sa, li t ap ka kreye tè, fè nenpòt bagay, e puisans lan t ap san limit.” Ou wè? Li te wè sa.

⁶⁸ Ou wè ti pòch sa yo k ap travèse tè a, ke yo rele “soukoup,” elatriye. Moun yo si tèlman . . . Ke, ebyen, nou ta fè mye kite sa trankil. “Nou tandè tout moun sa yo te monte ki disparèt?” ou va di. Ou pa tandè pale de yo; yo te kanpe la, e yo pa t la.

Se fason sa Anlèvman an pral ye. Youn nan yo va desann drèt la, e kò terès sa a va abiye l ak yon kò selès. E yo va . . . kache, cheve, oswa zo ki rete; sa va transfòme nan yon ti moman, sa va desann drèt sot nan lespas pou pran sa mennen Lakay. Nou wè tout sa k ap fèt kounye a, e—e Pentagòn ap mande l konsènan limyè sa yo, ak limyè mistik yo, ak tout bagay ke y ap wè nan—nan syèl la. Ou te wè ke yo te gen youn nan jounal Jeffersonville semèn sa a, ak bagay konsa, “yon limyè mistik.” Kidonk, o, yo pa konn kisa sa ye. Men koute, timoun mwen yo, sa pral pran w, youn nan jou sa yo. Ou wè? Ou wè? Pa enkyete w.

Sonje, Jezi di: “Menm jan sa te ye nan tan Sodòm.”

⁶⁹ Kisa k te rive jis anvan Sodòm? Bondye te desann avèk kèk Zanj, e Yo te gen yon ankèt anvan yon jijman. Li te di: “Mwen te tandè kri, ke sa si tèlman gen peche, tèlman anpil, kidonk Mwen te desann pou M dekouvri si tout sa se te laverite ou non.” Se vre? Obsève Sila ki te pèsonaj prensipal la ki te rete avèk Abraham lan, Li te ka disènan panse ki te nan kè Sarah, ki te dèyè do L.

Kounye a, gade toutotou nou jis yon tikras epi remake, ou wè, obsève kisa Sa ap fè, menm bagay la jodi a. Se yon ankèt anvan yon jijman.

Enben, apre yon ti tan, Legliz, kan Sa ka rete nan pozisyon sa, epi chak semans te rive nan plas li, yo va pati ale. Yo p ap konn sa k te rive yo. Youn va pati nan yon direksyon. Ou wè? Yon lòt va pati al kay pastè a, e youn va pati *isit la*, oswa *la*, e, premye bagay ou aprann, yo pa la. Paske Enòk ki te tip la, “Bondye te pran l, e yo pa t jwenn li.” Desann pou envestige! Kontinue a, jan anlèvan Enòk la, yon tip Izrayèl ki te transpòte nan ach la . . .

⁷⁰ Si tèlman pafè, Pawòl Bondye si tèlman pafè, menm Ansyen ak Nouvo Testaman an se de mwaye e youn an antye. Se vre. Ansyen Testaman an se mwaye ladan L, e Nouvo Testaman an se mwaye ladan L; mete Yo ansanm, ou va gen revelasyon Jezikri a okonplè. Men pwofèt yo ki t ap pale, e la Li an Pèsòn; ou wè, de mwaye epi youn okonplè. Kounye a nou pa vle pran twòp . . .

⁷¹ Kounye a, sonje, Ansyen Testaman an pa konplè san Nouvo a. E Nouvo a pat kapab konplè san Ansyen an. Se poutèt rezon sa mwen te di de mwaye, youn an antye. Paske, pwofèt yo te di: “Li va isit la! Li va isit la! Li va isit la; yo va fè *sesi* avè L. Yo

va fè *sesi* avè L!” E men Li: “Li te isit la! Li te isit la, e yo te fè *sesi* avè L, e yo te fè *sesi* avè L.” Mwen fèk sot preche sou sa kèk sware de sa.

⁷² Kounye a, pou nou kapab etidye Lekriti, Pòl te di Timote: “Etidye Li, pataje Pawòl Bondye a kòrèkteman, ki se Verite a.”

Genyen twa bagay obligatwa nan Lekriti. Lè w ap itilize Pawòl Bondye, gen twa bagay ke w pa dwe fè. Kounye a annou etidye bagay sa yo pandan dis pwochen minit yo; twa bagay ke w pa dwe fè. E toupatou nan peyi a, pe enpòt kote ou ye a, atravè nasyon an, asire w ou byen retni bagay sila yo nan panse w si w pa gen yon kreyon. Ou pa dwe fè bagay sila yo. Tout tan nou te konn ap di w jan w dwe fè, kounye a m pral di w sa w pa dwe fè.

⁷³ Bon, ou pa dwe *mal entèprete* Pawòl la. Ou va di: “Ebyen, mwen kwè ke Sa vle di *sesi*.” Li jis vle di sa L di a. Li pa bezwen ankenn entèprèt. E ou pa dwe *mal plase* Pawòl la. E ou pa dwe *demantibile* Pawòl la. Si nou ta fè youn nan bagay sa yo, sa t ap mete tout Bib la nèt nan konfizyon e nan galimatcha.

⁷⁴ Remake. Mal entèprete Jezi, sou fòm Bondye nan yon nonm, ou t ap rann Li—ou t ap rann Li yon Bondye pami twa. Mal entèprete Jezikri antan ke Pawòl la, ou t ap rann Li yon Bondye pami twa, oubyen ou t ap fè de Li dezyèm Pèsòn nan Divinite a. Epi si w ta fè sa, ou t ap melanje tout Ekriti a nèt. Ou pa t ap rive ankenn kote. Kidonk Sa pa dwe mal entèprete.

⁷⁵ E si w di ke se yon bagay kèlkonk, ou bay yon entèpretasyon a Sa, epi ou aplike L pou yon lòt tan; oswa Sa te aplike pou yon lòt tan, la tou ou te fè yon entèpretasyon ki pa kòrèk.

⁷⁶ Si yon moun mal entèprete Jezikri nan Bib la, kòm kwa Li pa Bondye Li menm, pou fè L dezyèm Pèsòn, oswa yon Bondye pami twa, sa t ap deranje chak Pawòl nan Bib la an antye. Sa t ap brize premye kòmandman an: “Ou p ap gen ankenn lòt dye devan Mwen.” Dakò. Sa t ap rann tout ras Kreytèn lan nèt yon bann adoratè payen k ap adore twa dye diferan. Ou wè kijan de Bib ou t ap genyen? Alò sa t ap fè de nou sa Jwif yo di ke nou ye a. Lè yo di: “Kilès nan dye sa yo ki se Bondye pa w la?” Ou wè? Kidonk, ou wè, ou pa ka . . . Ou pa dwe mal entèprete Bib la.

Paske, Jezi Li menm se entèpretasyon Bib la, kan L manifeste nan aj ke pati Kò Li ap manifeste a. Si se aj men an, sa dwe yon men; li pa ka aj tèt. Si se aj vwa, ebyen, lè sa, li paka aj pye. Ou wè? E kounye a nou nan aj je a. Kounye a pwochen an, se Limenm menm, k ap vini. sans wè a; ki pwofetik!

⁷⁷ Ou wè, desann atravè aj la, nou te kòmanse apati de fondasyon an, apati de premye aj legliz la; lè Semans lan te tonbe nan tè a, Semans konplè a. Lè sa li te soti nan pye yo, Luther; answit li te retounen soti atravè Wesley; Apre sa nan Pannkotis yo, pale an lang, nan bouch, ou wè; kounye a nan je yo, ki pwofetik, nan Malachi 4, elatriye. E kounye a pa gen anyen ki

rete pou sa vini ke Limenm menm ki pou antre anndan sa, paske se dènye bagay ki genyen.

Pwochen an se entèlijans lan, e nou pa posede ankenn entèlijans nou menm; se pa L. Nou pa posede kapasite pou wè nou menm. Kouman yon nonm ka wè davans bagay sa yo? Li pa kapab fè sa. Se Bondye Li menm. Ou wè, sa—sa atenn yon nivo. Epi Li gouvène tout kò a nèt, alò Kò Kris la okonplè revele sou fòm Lepouz ki te soti bò kòt Li a, tankou sa te fèt pou Adan nan kòmansman . . . jan Adan te ye a, pito, nan kòmansman.

⁷⁸ Wi, “ti dye,” sa t ap plonje Bib la nan konfizyon, pou brize premye kòmandman an, pou ap fè yon ti dye, yon ti dye payen pami twa. Sa t ap jis—sa t ap jis detwi tout imaj Bib la nèt. Kidonk ou pa dwe mal entèprete Bib la. Bon, sa se jis yon bagay.

⁷⁹ Piske, chak Ekriti nan Bib la gen menm aplikasyon, ou oblije mete L nan plas Li. E si w mal plase Li, ou ka fè de Li Bondye nan yon aj, epi—epi pwochen aj la ou t ap fè de Li yon istwa, si w mal plase L. Kidonk ou pa dwe mal plase Ekriti a. Li se Bondye tout tan. Si w fè de Li jodi a yon Bondye listwa, ki te byen lwen dèyè, e Li pa menm lan jodi a, kisa w pral fè ak Ebre 13:8? Ou wè, “Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.”

⁸⁰ Bon, kidonk ou wè kisa sa t ap fè, e kisa sa te fè. Sa te deja fè sa, fè L renye Pwòp Pawòl Li, si w mal plase Lèzekriti.

⁸¹ Si w demantibile Lèzekriti, ou ka mal mete pati Kò yo ansanm, pye a va al kote tèt la dwe ye, oswa yon bagay konsa. Jis menm bagay tankou yon . . . Nan lòt mo, ou ka jwenn Jezi ap anseye mesaj Moyiz la. Ou ka jwenn . . . oswa menm Wesley k ap anseye aj Luther a. Ou ka jwenn kounye a, aj nou an, ap anseye Pannkotis, mesaj Pannkotis la. Ou wè nan ki galimatcha Sa t ap plonje? Pannkotis te deja montre koulè yo. Luther te deja montre pa l, sa t al fè wout li nan denominasyon. Sa te mouri drèt la. Aj la te frape; men li ki te pati ale.

⁸² Remake, menm kote sa te òganize, li te mouri. Bon, jis gade pou wè si sa pa t vre. Retounen dèyè atravè paj listwa. Chak fwa li te òganize, li te mouri drèt la; pat janm te rete anyen menm. Li te vin yon—yon adoratè dye mond sa a, e li te antre nan òganis, ak òganizasyon, ak denominasyon, ak ilizyon. On pakèt Riki te antre la pou te mete pwòp opinyon yo ladann, oswa enjekte pwòp panse yo, pito, ladann. E kisa ki te rive? Li te vin yon galimatcha. Ki ta pral abouti a dye mond sa, kote yo va mete Satan limenm sou twòn, pansan ke yo gen yon gwo lidè mondyal ki va pote lapè pou yo.

⁸³ Lòt jou mwen te di nou, m ap repete l ankò, ke menm sivilizasyon limenm jodi a absoliman kontrè a Bondye. Sivilizasyon kontrè a Bondye. Edikasyon elwaye l a on milyon kilomèt de Li; lasyans lwen a on milyon kilomèt. Lasyans ak edikasyon ap eseye dezapwouve Bondye, ou wè, atravè semine

teyoloji ak lekòl, ak salon pou lasyans, elatriye. Yo te pran sekous pa yo.

E sa k pase a vizyon lòt jou swa a, de nonm sa lè l te rele byen fò sou savan sa yo anba la ki t ap vide bagay sa konsa? Yo te jis tounen pou gade, epi kontinye. Pral gen yon kous ankò.

⁸⁴ Remake, o, twa obligasyon sa yo dwe la. Kounye a, ou pakab . . . Jezi pa t vin preche mesaj Noye a. Li pa t vin preche mesaj Moyiz la. Oswa, Moyiz pa t vin preche . . . Ou wè, pa mal plase Lekriti. Sa dwe nan tan li. Bon, ou paka aplike . . . Kan grantòm sa, John Wesley, te vini, oswa . . .

Grantòm sa, Luther, kan Luther te vini avèk mesaj jistifikasyon li an. Kounye a kan sa te yon . . . Luther te yon grantòm. Li te fè legliz soti nan tenèb, e li te tabli jistifikasyon pa lafwa. E kan li te fè sa, yo te bati yon òganizasyon sou tèt sa, e sa te mouri. Lavi te vwayaje, tankou sa ye nan yon tij ble, travèse antre nan aj Wesley a, nan glann lan. Apati de Luther te vin gen lòt fèy, ki te mouri avèk sa, se te Zwingli, ak Calvin, ak tout rèz ki te soti nan gwo refòm sa.

⁸⁵ Alò Wesley te vini, yon lòt aj t ap fleri nan glann lan. Wesley, epi Atterburry, ak tout sa yo, epi—epi John ak frè li, epi yo tout, dè granzòm de Dye avèk yon mesaj, te jis ap baleye peyi. Yo te òganize l; sa te mouri.

Aprè sa li te pouse pou jis sanble egzakteman tankou l ta pral boujonnen grenn lan kounye a, e, ou te vin dekouvri, se te pay la, Pannkotis.

Men pa dèyè tou sa, yon ti boujon te pouse.

E ou remake, abityèlman . . . Mwen panse, apeprè twa oswa kat lane apre Luther te nan chan an, ke legliz Literyen te òganize. Jis on ti tan apre Wesley te nan chan an, li te òganize.

⁸⁶ Nan Tucson, nou te gen yon—yon pwogram sou kijan legliz Wesleyèn, ou pito legliz Metodis, te vin egziste. Epi kan yo te vin isit la an Amerik, anpil ladan yo te retounen pou di ke yo te tabli yon—yon konstitisyon ak bagay konsa, apati de Angletè, pou te mennen l bò isit la, e kijan yo te pratike tou sa. Mwen te wè drèt la sa k te rive. La menm li te mouri.

⁸⁷ Ebyen, men Pannkotis yo ki te vini, ansyen sa yo ki te konn ap rele fò lontan nan jou pase yo, yo te gen don pale an lang, e yo te kòmanse ak pale an lang. Apre sa yo te rele l, “evidans Sentespri.” Apre sa yo te òganize. Youn te di li ta pral fè *sesi*, e lòt la *sela*, e yo te gen pale anpil ak pale anpil. Kisa sa t ap fè? Chak fèy sa yo te jis ap deplwaye, jis tankou sa te fèt nan tij la epi jan sa te fèt nan glann lan. Yo te gen initè, binitè, trinitè, ak legliz de Dye, ak tout lòt sa yo; ki te jis ap deplwaye, deplwaye, deplwaye.

Men kounye a, selon lanati, ki se yon egzantp pafè, ou pa gen dwa janm jwenn ankenn lòt pou w tire leson de Sa.

⁸⁸ Yon fanmi, ki se zanmi pa m anba nan Kentucky, te jis gen yon ti—ti bebe fèk fèt lòt jou, manman an te kanpe pandan yo t ap prepare dine pou nou. li t ap ede lòt sè yo prepare dine pou yon pakèt lan nou mesye yo ki te sot lachas. Kidonk ti bebe a te kòmanse kriye, e mwen t ap pale. Mwen kwè manman an te santi l on tijan jennen kifè li te kouri pou pran ti bebe a, epi—epi li te kòmanse ap—ap bay ti zanmi an manje. Mwen te di: “Ou konnen, sa se jis lanati.” Ou wè? Bon, ou pa ka . . .

Yo pa t janm jwenn yon meyè fason pou yon ti bebe te jwenn sa l vle a ke kriye pou sa. Bon, ou ka ba l yon—yon liv ak kòd etik, epi chita la pou di: “Mwen vle anseye w teyoloji, piti gason m. Kounye a, piga w ap jakase tout kote la tankou lòt timoun yo; ou diferan. Kounye a, kan w vle manje, sonnen ti klòch ki bò isit la.” Sa jis p ap mache. Non, sa jis p ap mache.

⁸⁹ Kidonk, lè w obsève lanati, la nou wè kote chak aj, e sa te endike dirèkteman ke nou nan dènye aj la. Pay la te retire kò l. Nou te vanse pandan kenzan, prèske ventan kounye a, ak Mesaj la ap baleye toupatou nasyon apre nasyon, e maten an nou konekte atravè nasyon sa a, ou wè, e pa gen ankenn òganizasyon. Sa pa ka òganize. Pat janm te gen anyen tankou l, oswa pa pral genyen apre. Ou wè?

Se—se sa avèk Mesaj la jodi a, sè ke, sa yo ki resevwa L nan kè yo dwe ekspoze nan Prezans Fis la, pou yo vin mi. Ou wè? Ou ka pran Mesaj la, e apre sa kite Fis la konsime tout sa ki vèt nan ou, ou wè, pou fè nou dè Kreyen ak matirite. Ou wè sa m vle di a? Bondye ap vin byento, pou resevwa Legliz Li, nou dwe gen jan de Kreyen sa yo pou L resevwa yo. Ble sa—sa dwe vin mi. Dakò.

⁹⁰ Twa obligasyon sa yo dwe la. Ou pa dwe mal entèprete, oswa manipile L mal, mal entèprete L, oswa mal- . . . ou pito demantibile L. Sa dwe rete jis egzaktman fason Bondye te di li ye a.

Pou mond lan, Se yon Liv mistè. Moun yo kwè ke Se jis yon Liv misterye. Yon fwa mwen t ap pale ak yon nonm trè fame isit la nan vil la, ki gen yon gran repitasyon pami Kreyen yo, e li te di: “Mwen te eseye li Liv Apokalips la yon swa.” Li te di: “Jan dwe te pran yon gwo bouche piman pike epi li te fè yon kochma.” Ou wè, yon Liv mistè.

⁹¹ Men, pandan ke pou vrè kwayan an, Se revelasyon Bondye ki ap revele nan aj nou ap viv la. Li di: “Pawòl Mwen se Espri e Vi.” Jezi di sa. An plis: “Pawòl la se yon Semans ke yon semè te seme.” Nou konnen ke se verite. Se Bondye sou fòm Pawòl, e se Li menm sèlman ki ka entèprete L.

Panse imen an pa ka entèprete panse Bondye. Kouman ti—ti panse limite a ka entèprete Panse enfini an, alòske nou pa ka menm entèprete panse youn lòt?

⁹² E ou remake, Li se sèl Sila ki ka entèprete L, e Li entèprete L pou moun Li vle. Li pat di: “Mòtèl lontan yo, pandan yo t ap pwonmennen sou tè a nan tan pase yo ak divès mannyè.” “Bondye, nan tan pase yo ak divès mannyè te revele Tèt Li bay pwofèt Li yo.” Ou wè?

⁹³ E, remake: “A sila ke Li va revele L la.” E Li te konsevwa sa yon fason pou ke Li ka kache Tèt Li nan Lekriti, pou teyolojiyen ki pi entelijan ki egziste a. O, la la! Li ka jis kache Tèt Li, tabli drèt la nan Lekriti, e w ap gade pandan tout jounen an epi ou pa janm wè l; gade pandan tout vi w, epi w pa janm wè l. Li ka jis kache Tèt Li, pandan L tabli la.

⁹⁴ Kounye a, souple, tout kote, kite sa byen penetre. Ke, Bondye, nan Pawòl la, ka kache Tèt Li si tèlman nan Pawòl sa, ke pa gen yon teyolojiyen oswa yon lekòl nan mond lan ki ka janm jwenn Li, e poutan Li tabli drèt la.

Ou di: “Èske se vre, Frè Branham?”

Sa k te rive ak Farizyen ak Sadiseyen yo? Sa k te rive nan chak aj? Li te fè sa. Sèten. Li te fè sa nan chak aj. Bon nou ka verifeye sa. Annou panse a tan Noye a; yon aj briyan, entèlektyèl, jan Li te kache L Limenm nan Pawòl Li ki te pwomèt. Jan Li te kache Tèt Li nan jou Moyiz yo. Nan tan Eli, ala kache Li te kache Tèt Li. Nan tan Jezi, ala kache Li te kache Tèt Li. “Li te nan lemond, e se Li ki te kreye lemond, e lemond pat konnen Li. Li te vin pou Pwòp pa Li yo; sa ki Pwòp pa Li pa t resevwa Li.” Ou wè?

⁹⁵ Li kache Tèt Li pou pi entelijan yo, nonm entèlektyèl ki egziste sou tè a. Ou di: “Ebyen, sa a se Doktè Sen Pè *Entèl entèl*.” Mwen pa fè ka kimoun li ye, Bondye kache Tèt Li pou li; e L ap revele l pou ti bebe sila yo ki va aprann, ou wè, ti bebe Bondye yo, semans predestine a.

⁹⁶ Panse. Bondye Pwisan an, tabli nan Pwòp Pawòl Li, ap rann moun entelijan an avèg, moun enstwi aj prezan sa a, e yo pa wè l. Yo panse ke se jis yon bann fanatik. Gade Li ki kanpe la kache, pou Pannkotis, Batis, Metodis, Presbiteryen. Pou ap revele Tèt Li dirèk an piblik, pou ap montre tout sòt de bagay, menm pou ap mete l nan jounal, ak bagay konsa, poutan yo pa wè l. O, Bondye nou an, ala gran, ap revele Tèt Li pou moun Li vle a.

⁹⁷ “O,” ou di, “Frè Jones oswa Frè *Entèl entèl*, li se—li se yon grantòm. L ap wè L.” O, non. Li revele L a moun Li vle. Ou va di: “Madanm mwen pa wè L, e li se yon fanm Kretyèn.” Li revele Tèt Li a moun Li vle. “Ebyen, pastè m se yon grantòm.” Se vre, men Li revele Tèt Li a moun Li vle. Kounye a, konpare sa ki te revele, avèk sa k ap pase, alò w ap . . . ou ka konprann trè byen.

⁹⁸ Bon nou remake la, li fè Li yon Liv Bondye e non yon liv lòm. Si se te lòm . . . Bon annou gade kouman Li t ap eksprime Tèt li. Gade kouman Sa ekspoze peche lèzòm ki te ekri Li, remake, lèzòm ki—ki te viv nan tan Li a.

Abraham, pa egzanzp, yo te rele l “papa kwayan yo.” Remake kijan sa. . . Èske w panse ke Abraham t ap ekri Liv sa limenm, ap pale de pwòp lachte li? Kijan w panse li te kab ekri ke li te bay wa a manti jou maten sa, pou di ke se te sè li, alòske se te madanm li? Èske li t ap ekri konsènan zèv lach li te akonpli yo? Se sèten, li pa t ap janm fè sa.

⁹⁹ Sa k pase a Jakòb nan riz li yo? Yon ti sediktè ke Jakòb te ye. Èske yon—yon—yon nonm, yon Ebre ki ap ekri konsènan frè Ebre li, youn ke atravè li yo ta pral rele tout Izrayèl, t ap oze ekri riz menm papa tout nasyon an nèt? Atravè Jakòb, patriyach yo te vini; apati de patriyach yo, tribi yo te vini. E pyè fondasyon tout bagay la, Bib la ekspeze l antan ke sediktè. Èske se vre? Ou panse ke lòm t ap ekri sa? Non, mesye.

¹⁰⁰ E konsènan yon nonm ki t ap ekri apwopo de pi gran wa yo te janm genyen la sou tè a, ki te kouwone wa; David, nan ak adiltè li te komèt? Èske Jwif sa yo t ap janm ekri konsènan wa pa yo ki pi nòb ki se yon adiltè?

O, nou gen listwa, tankou, “George Washington ki pa t janm fè manti,” ak bagay konsa. Nou di, nou rele sa listwa.

Men sa a se yon nonm, yon Bib ki rele David yon “adiltè,” e li te sa. Wa Izrayèl la, yon adiltè ki ta pral pitit. . . Jezi ta pral Fis de David. Pyè Fetyè a menm; epi papa L, selon lachè, te yon adiltè. Jwif yo pa t ap janm ekri yon Liv konsa. Èske lòm t ap ekri sa konsènan pwòp tèt li? Sètènman pa.

¹⁰¹ Kouman nasyon fyè Izrayèl sa t ap ka fè l? Nou konnen kijan yo te fyè. Nasyon fyè Izrayèl la, ki ta pral ekri konsènan pwòp idolatri yo, t ap ekri konsènan rebelyon yo kont Bondye yo a, t ap ekri kont bagay sal, souye ke yo te fè, epi t ap ekri l nan yon liv? Se sèten yo t ap kache sa. Yo t ap jis montre bon bagay yo. Men, Bib sa, ki detaye sa k byen e sa k mal. Sa, nenpòt moun konnen ke Jwif yo pa t ap janm ekri yon Liv konsa, apwopo pwòp salte yo, ak idolatri, epi echèk, ak tout bagay yo te genyen. Yo pa t ap janm ekri sa. O, non.

Alò, Kimoun ki te ekri L? Bib la di, nan Ebre 1:1: “Bondye, nan tan pase yo ak divès manyè te pale ak zansèt yo pa pwofèt yo.” Alò, se pa t pwofèt yo, se pa t mòtèl. Se te “Bondye!” Se pa “pwofèt nan tan pase yo.” Men, “Bondye, nan tan pase yo, ak divès manyè te pale a zansèt yo pa pwofèt yo.”

Mwen gen yon Ekriti ekri la. Mwen pa konn kisa Sa ye; Mwen pa ka refere a Li. Dabitid, kan mwen refere m a bagay sa yo, mwen konsidere yon Ekriti. M ap egzamine l jis yon minit, si nou pèmèt mwen. Se 2 Timote 3:16. Mwen—mwen—mwen te panse ke mwen t ap sonje sa, men mwen regrèt. M ap jis fè yon kanpe pou yon minit pou jwenn kisa sa ye.

¹⁰² “Bondye, nan tan pase yo ak divès manyè te pale a zansèt yo pa pwofèt yo.”

Kounye a 2 Timote 3, 3:16. Annou wè kisa sa di nan 3:16 la.

Tout ekriti (ya) te bay pa enspirasyon (Pwofèt? Non.) . . . enspirasyon (Kisa?) Bondye, e sa pwofitab pou anseye, epi pou retabli, epi pou korije, epi pou enstwi an tout jistis

Pou ke moun pa Bondye a ka akonpli pafètman, e prepare pou tout bon zèv.

¹⁰³ Dakò, alò, tout Ekriti te ekri pa enspirasyon. Jezi, isit sou tè a, te di ke syèl ak tè a t ap pase, men Pawòl Li p ap pase. Li di ke tout Ekriti dwe akonpli. Kifè donk Liv la pa yon liv ke lòm ekri. Se Liv ke Bondye ekri.

¹⁰⁴ Bon, nou konnen ke Bondye te chwazi pa predestinasyon Legliz Li, plas Li, pwofèt Li, ak tout bagay konsènan sa. Pa prekonseans, Li te predestine pwofèt Li. E kan aj la te rive, Li te fè pwofèt Li rive an menm tan, e Li enspire l pandan Li t ap ekri Bib la pa li menm. Kounye a, Bondye te ekri Bib la inikman pa itilizasyon pwofèt la, paske se fason pa L pou fè sa. Kidonk, ou wè, se pa pawòl la . . . Kifè, ou wè, Sa se Pawòl Bondye, pa pawòl lòm.

¹⁰⁵ Bondye se yon Moun. Bondye ka pale. Bondye ka ekspri L. Bondye ka ekri. Li pa t oblije fè l fason sa, men se jan sa Li—Li te chwazi pou fè l. Li pa t oblije fè l konsa, men Li te chwazi pou fè l fason sa. Bon ou va di: “Bondye te ekri ak dwèt Li, Pwòp majeste dwèt Li, dis kòmandman yo. Kidonk Bondye ka ekri, Limenm, si L ta vle.” Ou wè? Men Li—Li te chwazi pou ekri L pa pwofèt yo, ou wè. Paske se te atribi pa L, Pawòl pa L, ke Li te ekspri atravè yo, pou ap fè tout bagay la yon pati, oswa yon pati nan Li. Ou wè? Li te ka ekri ak dwèt Li. Li te itilize dwèt Li tou pou ekri sou miray Babilòn yo, “Yo te peze w nan balans e yo te jwenn ou leje.” Li te ekri ak Pwòp dwèt pa L.

¹⁰⁶ Bondye ka pale. Èske w kwè ke Bondye ka pale? Li te pale ak Moyiz sou montay la, nan yon touf bwa k ap boule. Ou kwè sa? Wi, mesye. Li te pale ak Jan, sou fòm yon kolonb, (ou kwè sa?) sa: “Se Pitit byeneme Mwen nan Li Mwen pran plezi pou M abite.” Li te pale avè l. Li te pale ak Jezi sou Mon Transfigirasyon an, devan Pyè, Jak, ak Jan. Li ka pale. Li pa bèbè. Bondye ka pale. Kidonk Li te pale ak—ak Jezi sou Mon Transfigirasyon. E Li te pale ak Jezi devan yon miltitud moun an antye; lè, moun yo te di se te yon loraj gwonde, men se te Bondye ki t ap pale ak Jezi. E prèske tout Matye, Mak, Lik, ak Jan, se Jezi k ap pale. Li se Bondye. Kifè, Bondye ka pale.

¹⁰⁷ Li te pran Pwòp dwèt Li pou L te ekri sou sab la, yon fwa. Li te pale, Li te preche, Li te pwofetize, ak Pwòp bouch Li, Bondye te fè sa, kan Li te fè L chè pou abite pami nou, “Bondye te manifeste nan lachè.” Si Li ka ekri, pale, èske L pa ka di lòt yo tou kisa pou yo fè? Sètènman Li kapab. Li ka pale avè yo,

nan yon vwa imen. Li ka ekri pou montre yo kisa pou yo fè. Li te fè sa.

Kidonk, “Bondye, nan tan pase yo ak divès mannyè te pale a zansèt yo atravè pwofèt yo.” E Li te di, konsènan Ekriti sa a, ke, “Pa menm yon yota oswa yon ti trè p ap janm pase jiskaske Sa te akonpli,” e alò Sa te manifeste; alò Li va pase, paske Sa te manifeste. Li pa ka pase la, men se jis Pawòl la Limenm ki te fè L chè. *Yota* vle di “yon ti mo.” *Ti trè* vle di “yon ti mak.” Pa menm yon siy ponktyasyon, yon ekspresyon, anyen, p ap janm fayi nan Pawòl Bondye a. Li pa ka fayi, paske Se Bondye, Bondye ki manifeste sou fòm yon chè imen. Paske, se Bondye Limenm sou fòm lèt, sou fòm pwofèt, manifeste nan lachè.

Bon, se pou rezon sa Jezi te ka di: “Sila yo ki te pale ak nou yo, nou rele yo ‘dye,’ yo te pale ak nou pa Pawòl Bondye a,” Li te di, “e yo te dye.” Pwofèt sa yo kan yo te wenn ak Lespri Bondye, pou yo te pote egzaktman Pawòl Bondye a, alò yo te dye. Se te Pawòl Bondye a ki t ap pale atravè yo. Epi ki ka . . .

¹⁰⁸ Yo te sèlman entèprete jan Otè a te pèmèt yo entèprete. Kounye a si w vle jwenn sa, se 2 Pyè 1:20 ak 21. Dakò. Paske, sa a, kote Bondye . . . “Pa gen ankenn entèpretasyon prive.” Li bay Pwòp entèpretasyon pa L.

Bondye pale epi entèprete L, Limenm, apres a revele l a moun Li vle, Li kache L pou lòt yo. Li pa oblije revele L bay kèlkeswa moun lan sof si Li vle. E Li pa . . . Limenm, Li te ekspri tout bagay Li nèt nan Lèzekriti, kidonk tout bagay la nèt te deja revele; se jis ke Li senpleman rete la ap siveye l k ap rive. Ou wè? Non. Jis ap gade Kò a k ap fèt e k ap retounen pran, fòm Li, Lepouz Li ankò. Dakò.

¹⁰⁹ Kwayan yo kwè L, tankou Abraham ki te rele bagay ki kontrè a Sa kòm si yo pa t egziste.

¹¹⁰ Se, Pawòl sa a tou, ki disène sekrè kè yo, Ebre 4:12. “Li disène sekrè kè a.”

¹¹¹ Pwofèt yo pa t toujou konprann sa yo t ap ekri a oswa sa yo t ap di a, osinon yo pa t ap oze di l, si yo te ka konprann Li. Ou wè? Men Bib la di: “Yo te pouse pa Sentespri a.” Pouse! Kan Sentespri a pouse w, ou aji. Lòm . . . “Bondye, nan tan ansyen yo ak divès mannyè te pale ak pwofèt yo ki te pouse pa Sentespri a.” Se poutèt sa, nan tout aj yo, moun esprityèl yo te konsilte pwofèt yo konsènan tan ak sa ki te gen pou rive.

Ekriyen pwofèt la dwe an fratènite an pèmanans ak Otè a. Ou wè? Li dwe viv an pèmanans nan Prezans Otè a, pou l ka konnen sa Liv la pral ye. Ou wè? Ekriyen pwofèt la, te gen plim li pare tout tan, nan fratènite an pèmanans ak Otè a, ki te Bondye, pou l te ekri nenpòt sa L te di ekri a. Ou wè? Sa montre ki jan de vi li te dwe . . . yon vi sèpare ak tout frè l yo.

¹¹² Bon, se poutèt sa pwofèt la te gen panse santre an pèmanans sou sa Bondye di; pa sa lòm panse, sa aj la panse, sa legliz panse, sa wayòm lan panse. Sa Bondye panse! Li te konn sèlman eksprime panse Bondye an Pawòl, paske yon pawòl se yon panse kan li eksprime. Ou sezi l kounye a? Pawòl la se yon panse ki eksprime, kifè pwofèt la te konn ap tann panse Bondye yo. E kan Bondye te revele panse L yo pou li, li te eksprime l an Pawòl: “ENSI DI SEYÈ A.” Ou wè, se pa: “Ensi di mwen menm, pwofèt la.” “ENSI DI SEYÈ A!” Ou wè? Dakò.

¹¹³ Se pou sa yo te ka defye wayòm ak aj legliz yo, e, pou w te fè sa nan tan pa yo a penalite a se te lanmò. Pou w ta mache nan figi yon w pou di l: “ENSI DI SEYÈ A, *tèl tèl bagay* pral rive,” yo t ap tranche tèt ou. Legliz t ap touye w drèt la poutèt ou fè sa. Men pwofèt sa yo te brav. Poukisa? Yo te pouse pa Sentespri a, ou wè, e, yo menm, se poutèt sa yo te vin brav. E yo te ekri Pawòl enfayib Bondye a—a.

¹¹⁴ Te gen anpil ki te eseye imite pwofèt yo, tankou prèt yo, elatriye. Kisa yo te fè? Yo te jis melanje, se tou. Yo pa t ka fè sa.

Paske, Bondye te seleksyone nonm pou aj la, e Li te seleksyone Mesaj la, e menm nati nonm lan ak sa k ta pral dewoule nan aj sa, sa L te ka mete sou li, jan Li te ka, avèk nati nonm sa menm, Li te ka fèmen je lòt yo. Pawòl ke nonm sa ta di, fason li te aji, t ap avegle kèk, epi louvri je lòt. Ou wè? Li te abiye nonm lan ak tip rad li te mete yo; nati li, anbisyon li, ak tout bagay jis fason li te dwe ye a, seleksyone jis pafètman pou kategori moun sa ke Li t ap rele pou aj presi sa.

Tandiske, lòt yo t ap kanpe ap gade l, pou di: “Ebyen, nou pa kapab. Gen . . . Mwen—Mwen pa ka wè.” Yo te avèg.

¹¹⁵ Jezi te vini menm jan an, abiye, Bondye imòtèl abiye ak chè imen. E paske Li te ne nan yon manjwa, nan yon etab ranpli ak manje pou bèt, se pat on kote ke L te ka depoze tèt Li; li te ne, volontèman, ak yon non ilejitim kole sou Li. Ou wè? Tout bagay sa yo ke Li te ye a, e jan Li te grandi, pitit yon chapantye, jan Li pat janm al lekòl.

Plizumwen, nan mond lan, sajès mond sa, Li pa t gen anyen pou wè ak sa. Ankenn nan sivilizasyon mond sa, edikasyon, oswa nenpòt bagay la, Li pa t gen anyen pou wè ak sa. Poukisa? Li se Bondye. Sa t ap pete koken. Si L te eseye al nan seminè yon kote pou aprann yon bagay ke legliz nan mond sa yo t ap fè, kisa nan . . . Enben, sa pa t ap menm . . . enben, sa pa t ap menm . . . pa t ap menm koresponn ditou ak konpreyansyon pa L, paske Li te Bondye.

Kidonk, edikasyon, zafè lekòl, seminè, ak bagay konsa, absoliman kontrè ak volonte Bondye. Tout sistèm edikasyon an nèt kontrè ak Bondye. Tout sa k ap anseye la ap fè w elwaye w de Bondye, tout tan. Kan m tande yon nonm di ke li se Doktè, Ph.D.,

L.L.Q., pou mwen, sa jis mennen l pi lwen Bondye. Ou wè? Li jis te edike tèt li pi lwen ke sa li te vrèman oblije fè. Se vre.

Remake kijan la yo te pouse pa Sentespri a.

¹¹⁶ Bon, sa pa vle di ke moun ki edike p ap antre. Gade Pòl. Mwen kwè ke pa t gen yon moun pi entèlijan ke Pòl nan tan pa l, lè li te Sòl moun lavil Tas. Li te resevwa edikasyon anba men Gamalyèl, youn nan pi gran anseyan nan tan sa; yon gran Ebre, estrik, youn nan denominasyon Farizyen. E Pòl te grandi anba men l. Li te konn tout relijyon Jwif la. Men lè l te vin fè pati de legliz, li di: “Mwen pa t janm vin jwenn nou ak edikasyon lòm, ak bagay konsa. Paske, si w te fè l, alò ou t ap met konfyans ou nan sa. Men mwen te vin jwenn nou nan pwisans ak manifestasyon Sentespri a, pou fwa w te ka nan Bondye.” Men li. Ou wè? Se vre.

¹¹⁷ Anpil te eseye imite moun sa yo, men yo te melanje tout bagay la jis tankou yo fè l jodi a. Te gen youn ki te parèt anvan tan Jezi a, ki te kondui katsan moun nan egareman. E nou konn kisa nou li nan Lèzekriti konsènan bagay sa yo, pou ap eseye fè l anvan tan an rive. E kèk nan yo te eseye imite L, e yo tout te *sesi, sela* oswa se *lòtbò*. Epi Li di: “Nan dènye jou yo, jan t ap vin gen fo Kris, nan dènye jou yo, ak fo pwofèt, pou ap montre siy ak pwodij.” Nou gen tou sa. Ou wè? Men sa pa t afekte vrè a. Sa sèlman fè Li briye pi byen, paske nou gen yon vrè Kris, pa youn ki fo.

¹¹⁸ Bon, kounye a, nou reyalize la ke Bondye te voye pwofèt Li. Sa se te fason Li te genyen pou pote Pawòl Li bay moun yo, atravè bouch pwofèt Li yo.

E remake, ou konnen, Moyiz te di, si w vle li sa nan Egzòd chapit 4, vèsè 10 e 12. Moyiz te di ke Bondye te pale avè l. Bondye te pale ak yon nonm, de bouch a zòrèy. E li te di: “Mwen pa gen langaj fasil,” Moyiz te di sa. “Mwen, mwen enkapab. Mwen—mwen pa ka ale.”

¹¹⁹ Li di: “Kimoun ki fè lòm pale oswa Kimoun ki rann li bèbè? Kimoun ki ka fè l wè, oswa Kimoun ki ka fè l tandè? Èske se pat mwen, Seyè a?” Li te di: “M ap avèk bouch ou.” Ou wè? Kidonk . . .

¹²⁰ E Jeremi di, si w vle li sa nan Jeremi 1:6. Jeremi di: “Bondye met pawòl nan bouch mwen.” Ou wè? Li—Li te pale, de bouch a zòrèy, ak yon pwofèt; e Li te pale atravè lòt pwofèt la, ki pat gen ankenn kontwòl ditou, e Li te pale pa bouch li.

¹²¹ Li gen fason pou L fè Pawòl Li a soti, ou konnen. Wi, mesye. Kifè ou wè Bib la se Pawòl Bondye, pa pawòl lòm.

Moyiz di: “Bondye te pale avè m ak yon Vwa, e mwen te tandè L. Mwen te ekri sa L te di a.”

¹²² Jeremi di: “Mwen pa t ka pale ditou. E, premye bagay ou konnen, po bouch mwen t ap pale, epi—epi—epi mwen t ap ekri.” Bondye te pale pa bouch li, e sa te rive.

Danyèl, Ezayi, elatriye, tout pwofèt sa yo te jis apeprè menm lan.

¹²³ Ou konnen, nan Ansyen Testaman sèlman, ou jwenn plis ke de mil fwa kote pwofèt sa yo te di ENSI DI SEYÈ A. Bon, si yon nonm di ENSI DI SEYÈ A, se pa nonm lan k ap pale. Si l ta fè sa, li pa t ap on pwofèt, li t ap yon ipokrit, ou wè, paske sa pa t ap (janm) rive; yon chans sou dis fwa san mil, ou wè, yo ta ka devine l. Men si se ENSI DI SEYÈ A, Seyè Bondye a te di l.

Si m ta di: “Ensi di Orman Neville”; frè m sa di: “Ensi di Mesye Mann”; Mwen ta di: “Ensi di Frè Vayle,” deyò a la, oswa youn nan lòt frè m sa yo, nenpòt nan nou; m ap repete sa w te di. Si m fidèl, m ap di jis sa w te di.

E mesye sa yo, antan ke pwofèt, te di: “Se pa mwen. Mwen pa gen anyen pou wè ak sa, men se ENSI DI SEYÈ A.” Kifè Bib la se ENSI DI SEYÈ A pa pwofèt yo.

¹²⁴ Remake, yo te pote Lespri Kris sou yo menm, pou yo te predi evènman ki ta pral rive. W ap pale de prediksyon! Yo te di sa ki ta pral rive atravè aj yo, pandan yo te chita, yo te kanpe, yo te kouche, yo te mache ak Lespri Kris sou yo, nan yon pwèn ke yo te aji tankou Kris. Epi lektè yo t ap li sa e yo panse ke pwofèt yo t ap pale de yo menm.

Nou sonje enik lan kan li t ap li Ezayi 53:1 apwopo de kouman, ke “Li te blese pou dezobeyisans nou, brize pou inikite nou, chatiman ki te ba nou lapè a te tonbe sou Li, se ak mak ki sou kò L yo ke nou te geri”? Enik lan te mande Filip: “De Kimoun pwofèt la t ap pale, de limenm oswa de yon lòt?” Ou wè, pwofèt la te pale kòm si se te limenm.

¹²⁵ Gade David ki t ap kriye an Espri, “Bondye m lan, Bondye m lan, poukisa Ou abandone mwen? Zo m yo, te la devan m, devan m,” se David. “Yo te pèse pye m ak men m,” David. “Yo te pèse pye m ak men m. Men Ou p ap kite nanm mwen nan lanfè, non plis Ou p ap pèmèt Sila ki Sen pa W la wè kòwipsyon,” kòm si David t ap pale de limenm antan ke sen. Se te Ffis de David la, Semans espirityèl, ki te jème ap desann atravè sa la. Menm si David limenm se te yon chadon, men alenteryè la te gen yon grenn Ble. Ou sezi li?

Kifè, Bib la an antye se pa pawòl lòm, Li pa t ekri non plis pa lòm, Li pa t vini pa lòm, oswa Li pa t ka non plis revele pa lòm. Se Pawòl Bondye ki te revele pa Bondye Limenm, Pwòp Entèprèt Li, Kris ki t ap revele Tèt Li nan Pwòp Pawòl Li.

¹²⁶ Gade Kris ki te kanpe la nan David. David pa t ka menm panse kounye a. Panse pa l te pati kite l, jan sa te ye a. Li te pandye sou kwa a, jan nou wè estati sa isit la; pandye sou kwa a, ap kriye: “Bondye M lan, Bondye M lan, poukisa W abandone M? Tout zo Mwen, yo te soti griyen pou Mwen. Yo te pèse Men M ak pye M. Yo te fè twou bò kòt Mwen.” Ou wè? “Poukisa W rete si tèlman lwen de Mwen? Tout toro bèf Bazan yo antoure M. Y

ap sekwe tèt yo, pou ap di: “Li te met konfyans Li nan Bondye, pou L te delivre L; kounye a ann wè si L ap delivre L,” pou ap pwononse menm mo yo.

Kifè, ou wè, kan Bondye te manifeste isit sou tè a, Li te pwononse menm pawòl ak David. Ou sezi li? Kifè, ou wè, Se pa pawòl lòm; Se Pawòl Bondye. Se te Bondye nan David; Se pa t David. Li pa t konnen sa l t ap di; li te si tèlman an Espri.

Se fason sa Moyiz te ye. Li te si tèlman an Espri, li te kite dimansyon ke l t ap viv ladann lan, pou l te kanpe la fas a fas, nan touf bwa k ap boule a, ap pale a—a—a Bondye Li menm. Li te di: “Retire soulye w. Tè ou kanpe sou li a se yon tè sen.”

Mwen imajine lè Moyiz te pati la, li te panse: “Kisa k te rive? Kisa k sot pase la? Kisa sa te ye?”

Li te di: “Desann nan peyi Lejip. M ap avè w.”

Li te di: “Sa tèlman reyèl pou mwen, ke mwen dwe ale.” Li te gen madanm li ak timoun yo. . . ak—ak pitit li, pito, epi baton l nan men l, e li te pati desann nan peyi Lejip, pou delivre pèp la. Ou wè?

¹²⁷ Bondye Limenm, k ap pale, atravè pwofèt yo. Ou wè, yo menm, yo absoliman. . . Se pa pwofèt yo; se te Bondye. Paske, pwofèt yo, pou tèt pa yo, pa t ap ka di bagay sa yo.

“Kimoun ki te kwè rapò nou an?” Ezayi k ap pale, ou wè. “Kimoun ki te kwè rapò nou an? A kimoun Seyè a te revele ponyèt Li? L ap grandi devan nou tankou yon ti bèf nan yon—nan yon etab. E jan malgre sa, kanmenm, Li te blese pou dezobeyisans nou, brize pou inikite nou, chatiman ki ban nou lapè te repoze sou Li; gras ak blesi Li yo nou te geri.” Nou te geri, rive jouk isit la nan aj sa a; e Ezayi, byen lontan uit san lane anvan Kris. Ou wè? “Gras ak mak blesi Li yo nou te,” nan tan pase, deja, “geri.” O, la la!

Ala pafè, Pawòl Bondye a, pafè! Fè L konfyans, nou menm moun yo. Se sèl bagay ki ka sove w.

¹²⁸ Tout lòt pawòl, mwen pa fè ka kijan yo byen plase, kouman, de kimoun li vini, de ki denominasyon li vini, oswa kijan nonm lan entèlijan, ou dwe inyore l absoliman, tout bagay kontrè ak Pawòl la. Ou vle make Ekriti sa, se Galat 1:8. Ou wè? Pòl di: “Menm si se ta nou, oswa yon Anj ki sot nan Syèl, ki ta preche yon lòt bagay ke Sa w te deja tande a, ke l modi.”

Nan lòt mo, si yon Anj ta vin kote w sot nan Syèl, yon Anj klere k ap briye, pou l ta kanpe; gason mwen, sa t ap yon pyèj pou jounen jodi a, se pa vre? Yon Anj klere k ap briye ta vin la pou kanpe, ap di bagay ki te kontrè a Pawòl la; di: “Satan, elwaye w de mwen.” Dakò. Kit li se yon evèk, kit li se yon. . . kèlkeswa sa l ye a, piga w janm kwè l si l pa pale egzakteman avèk Bib sa, Mo pou Mo. Siveye l, l ap mennen w ak Bib la kounye a. Li va

mennenm w yon kote presi, epi la akwoche l drèt la. Kan w wè Bib la di w yon bagay, e li pase sou sa, siveye drèt la.

Ou wè, se fason sa li te fè avèk Èv. Li te desann drèt la pou di tout bagay jis egzaktaman. “Ebyen, Bondye te di *sa*.”

“Se vre, Èv. Amèn. Nou kwè sa, ansanm.”

“Ebyen, Bondye di *sa*.”

“Amèn. Nou kwè sa, ansanm.”

“Bondye di *sa*.”

“Nou kwè sa, sèten.”

“Ebyen, men Bondye di n ap mouri.”

¹²⁹ “Ebyen, bon, ou konnen Li se yon Bondye ki bon.” Li pa t di Li pa t ap, ou konnen. “Men sètènman . . .” O, mwen! Men li.

E si l te konn ap sedwi konsa, e Bib la di: “Nan dènye jou yo li t ap sedwi Eli a si se te posib,” ki kote nou ta dwe ye jodi a, zanmi? Kounye a, ti leson lekòl dimanch sa yo, ta dwe pran an konsiderasyon, ou konnen, nan kè nou, pou wè . . . Nou dwe koute vrèman ak atansyon pou wè jan bagay sa sedwizan.

¹³⁰ Remake, nou pa ka, nou pa dwe, koute pawòl ankenn lòt moun. Nou pa bezwen konnen kijan li entèlijan, kijan li edike. Bib la, nan Pwovèb, di: “Nou rejte tout rezònman.” Ou wè? Bon, isit la nan dezyèm domèn sa . . .

Premye domèn lan se sans nou yo, wè, goute, touche, santi ak tandè. Sa se pou kò eksteryè nou.

Pou kò enteryè a, ki se espri a, se rezònman ak panse, elatriye. Nou dwe rejte tou sa. Ou pa ka rezone, ap di: “Kounye a tann, si Bondye se yon bon Bondye . . .” E yo si tèlman di nou jodi a ke Li egziste. “Si L se yon Bondye ki bon, alò si m sensè, menm si m pa ka wè sa nan Bib sa kòm kwa se kòrèk, si m sensè, m ap sove.” W ap pèdi. [Espas vid sou bann lan—Editè a.]

¹³¹ “Si m al legliz epi jis fè bagay ke mwen kwè ki kòrèk, epi ap eseye akwoche m a sa m panse ki kòrèk, ebyen, mwen . . .” Ou toujou pèdi.

“Gen yon chemen ki sanble kòrèk pou yon nonm, men alafen se wout lanmò.” Ou wè? Ou p ap sove; w ap pèdi. Ou wè? Ou wè? Sa dwe Nonm enteryè sa ki gen kontwòl la.

¹³² “Ebyen, mwen pale an lang, Frè Branham. Ebyen, èske w pa kwè nan pale an lang, Frè Branham?” Absoliman. “Ebyen, Mwen konn rele fò; èske w pa kwè sa?” Wi, mesye. “M ap viv yon bòn vi Kreytèn. Piga w kwè nan sa?” Wi, mesye. Men kanmenm sa pa vle di ke w sove. Ou se yon bon moun; ki pwòp, ak moral, ki sen, bon moun.

Prèt sa yo tou te konsa, relijye jis nan mwèl, tèlman relijye jouk yon ti bagay ki pa sa, yo t ap lapide yo amò. Pèn kapital poutèt on moun t ap jwe ak Pawòl Bondye a se te lanmò.

133 Se pwoblèm lan sa avèk peyi nou an jodi a. Se pou rezon sa nou gen si tèlman bagay nou pran alalejè jodi a, pèn yo pa ase di. Si yo bare yon nonm ap soti ak madanm yon lòt moun, yo te dwe pran toulède an piblik epi kastre l, drèt, an piblik, apre sa kite l ale. Se vre. Si yo bare yon nonm ap fè yon bagay ki mal, sou wout la, alòske l ap fè vitès, yo pa ta dwe ba li yon santans ki mwens ke dizan; li se yon pre- . . . asasen premedite. Ou wè? Mete pèn konsa sou sa, ou va ralanti kous yo.

Men kan yon politisyen kwochi ka jwenn sa isit la epi fèmen je sou sa, pou ap di: “Ébyen, li te bwè on tikras, li te . . . pat fè eksprè konsènan sa.” E li pa t ap touye yon nonm, ak madanm, ak on pakèt timoun inosan, pou fèmen je sou Ricky sa, sa se politik. Sa se lemonn. Sa se dyab la.

134 Bondye di si yo te bare yon nonm nan adiltè, oswa yon fanm, pran yo soti la epi lapide yo amò. Se te regle. Ou wè? Si yo te menm bare l ap ramase yon bagay ki gen pwa yon baton, jou saba a, “Pran l epi lapide l.” Yo te viv pa bagay sa lè sa. E kounye a, ou wè, nou pa gen jan de lwa sa yo jodi a.

Men Kretyen an, legliz la, sa m ap pale de li maten an, lwa Bondye sa li nan kè w. Ou wè? Ou pa gen ankenn dezi pou fè sa. Se anndan isit la. Ou vle gade lwa Bondye a si tèlman pafè. Kèlkeswa sa l ye a, ou vle jis vin sa. . . Si—si Bondye bezwen yon tapi nan papòt kay la, Li vle pou w tapi sa, w ap si tèlman kontan pou w sa. Kèlkeswa sa l ta ye a, ou vle vin tapi sa. Ou wè? Kèlkeswa sa Bondye vle w fè a, se sa ou vle fè, paske se Bondye. Kounye a, se la ou vrèman jwenn vrè lanmou w tout bon, lanmou otantik pou Bondye.

135 Bon nou jwenn lè sa, ke, “Yon Anj ki ta preche yon lòt bagay,” andeyò sa k te deja fèt, sa k te deja di nan Bib la, “ke l modi.” Pèsonn kapab. Pèsonn paka fè sa; Sa dwe jis egzaktman jan Sa di a.

136 Epi nou li ankò, nan Apokalips 22:18 ak 19: “Si yon moun ta ajoute yon mo sou Sa, oswa ta retire yon Mo Ladann, Bondye va retranche pati pa l la nan Liv Lavi a.” Dakò. Bondye ap retranche pati pa l la, menm si l se yon minis, kèlkeswa sa l ka ye a, e pawòl pa l. . . non pa l te ekri nan Liv Lavi a. Bondye di: “M ap efase l drèt la,” se vre, “si li ajoute yon bagay sou Sa, oswa retire yon Mo Ladann.” Se fason sa Bondye rann Pawòl Li a enfayib. Ou wè? Ou kapab ajoute nan legliz, oswa retire nan legliz. Piga w ajoute nan Pawòl sa, oswa retire Ladann, paske Bondye va retranche non w drèt la nan Liv Lavi a. Epi, konsa, ou fini lè sa. Ou wè? Ou pa ka ajoute nan Li, oswa retire Ladann. Se jis egzaktman sa. . .

137 Li pa bezwen ankenn entèprèt, paske Bib la di ke Bondye bay Pwòp entèpretasyon pa L de Bib la. “Se pa ankenn entèpretasyon prive,” Pyè te di. Dakò.

138 E tout Ekriti te bay Divinman, te plase annòd Divinman, e tout bagay la nèt se revelasyon Jezikri. Nouvo ak Ansyen

Testaman an, se kote yo te predi Li t ap vini, sa Li ta pral fè kan L te rive isit la, e sa L ta pral fè nan aj sa ki t ap vini an. Kidonk sa rann Li menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Ou wè?

Tankou nan Ebre la, kote Pòl te ekri l la. Li se Bondye, “Jezikri menm lan ayè,” nan Ansyen Testaman an. Li se “Jezikri jodi a,” manifeste nan lachè. “E Li se Jezikri pou tout tan,” an Espri, “pou lavni.” Ou wè? Ou wè? “Menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.”

E Li te viv pou fè Pawòl Li a viv sa Li te di Li t ap fè pou aj sa. Li vivan.

¹³⁹ Li te vivan nan Ansyen Testaman an, manifeste. Mwen jis vle ke w wè yon ti kichòy la, si w ka sipòte l. Obsève, kan Jezi te manifeste nan Ansyen Testaman an, jan nou kwè l la.

Kounye a, nou menm predikatè laba a, nou ka agimante avè l, fè sa nou vle, men m ap pale pou . . . sa mwen panse. Ou wè?

¹⁴⁰ Kan Jezi te manifeste nan Ansyen Testaman an, nan yon teyofani, nan pèsonaj Mèlkisedèk la; pa yon sasèdòs, men Moun lan menm, Nonm lan. Ou wè? Paske, Nonm sa potko menm fèt ankò, men Li te nan yon teyofani, kifè Li pa t gen ni papa, ni manman. Li te Bondye Li menm. Li te manifeste sou fòm yon Nonm, yo te rele “Wa Salèm, ki vle di Wa Lapè, ak Wa Lajistis.” Ou wè? Li te Mèlkisedèk. “Li pa t gen ni papa ni manman, ni kòmansman jou oswa fen lavi.” Ou wè? Se te Jezi nan yon teyofani, sou fòm yon Nonm. Èske n ap swiv mwen? Dakò.

¹⁴¹ Alò Li te an reyalite vin nan chè imen, e Li te abite pami nou, nan Pèsòn Jezikri a Li menm, ki te fèt nan vyèj Mari. Li te vin sou fòm sa pou L te ka mouri, epi retounen nan Syèl.

Kounye a nan dènye jou sa, Li te pwomèt pou manifeste L Limenm nan plenitud la ankò, nan chè pa L, an Espri. Ou wè? “Paske jan sa te ye nan tan Sodòm lan, se konsa sa ap ye lè Vini Fis de lòm lan.” Kounye a gade Sodòm, jan li te tabli, e kisa k te rive. E kòm Jezikri te manifeste sou fòm yon kò, ki se Legliz Li jodi a, ou wè, pou ap fè menm bagay la, menm zèv, menm bagay ke L te fè tout tan, pa janm chanje, Sila ki Etènèl la. Ou wè? E sou tè a jodi a, Li manifeste L Limenm nan kò imen, kò imen pa nou ke Li te rele, pou ap fè egzakteman menm bagay Li te fè nan tan pase yo, e nan tan Li te nan chè pa L sou tè a. Epi pou ap fè menm bagay la jodi a, paske, “Bondye nan tan pase yo te pale ak zansèt yo atravè pwofèt yo, nan dènye jou yo atravè Pitit Li, Jezikri.” Ou wè, piske Pitit la ap revele nan dènye jou yo, Bondye te manifeste nan lachè imen, te la jis anvan destriksyon Sodòm, lafen pou mond Moun lòt Nasyon yo. Ou wè li?

Gen twa manifestasyon.

¹⁴² Kounye a, pwochen bagay k ap rive, se kan tout bagay pral rasanble nan sèl Moun sa, Jezikri, Epouz e Kò a, lè retounen fizik Seyè Jezi a. Pou ap konplete twa fwa Li yo . . . Kan Li te vin sou

tè a; te mouri, te krisifye, te resisite. Pou ap manifeste Tèt Li sou fòm Kò pa L, ki se Lepouz Li, Dam lan. Ou sezi l? Li se yon pati Kò Li.

E madanm lan ak mesye a jis si tèlman pwòch ansanm, nan pwen ke yo jis prèske. . . Yo se menm lan. Yo oblije, de tout fason. Men yo, ou wè, yo jis te manifeste egzaktman menm jan an. Li se yon pati de li, paske li te soti nan li.

E Lepouz jodi a soti nan kò Kris la, li ap ajì epi ap fè jis egzaktman jan Li te di Sa t ap fèt pou jou sa, Epouz la, Rèn lan; Wa ak Rèn lan. Dakò.

Li kòmanse fè ta pou nou kounye a, kifè nou pral depeche nou pou fini.

¹⁴³ Dakò, Bib la an antye se revelasyon Jezikri an antye, ki ap revele Tèt Li pou chak aj. Li te revele Tèt Li nan jou Luther yo, antan ke fondasyon an; legliz, pye a, janm yo.

Tankou Li te fè pou Wa Nebikadneza; nou sonje kijan li te reve rèv sa yo, ki te soti depi tèt la ap desann? Ou wè? Kounye a Li vini apati de pye a ap monte. Ou wè? Nan wayòm Babilòn lan Li te montre tout bagay Ansyen Testaman sa yo, Li te vini depi tèt la ap desann, jouk Li te desann pou Bondye Limenm te vin fè L chè nan pye anba nechèl la. Bon la nan Nouvo Testaman an, Li retounen Limenm monte ankò, al jwenn Tèt la ankò, Tèt anò a, pou yo kouwone l. Ou wè? Gade. Ou sezi sa?

Ou wè, Bondye te nan kòmansman an, e Li te kontinye ap desann, atravè pwofèt yo, epi ap desann, jouk Bondye Limenm te vin yon imen tankou nou, plonje desann nan pye nechèl la, yon ti Bebe ki fèt nan yon pak manje pou bèt; rayi, rejte, meprize, avèk yon movèz repitasyon, ak tout bagay Li te ye yo. Apre sa Li te kòmanse ap monte, ou wè, epi apati de pye yo Li te kòmanse ap bati Legliz la, Epouz la, pou ap retounen, e retounen; epi kounye ap rive nan Pyè fetyè a, kote yo tout rankontre ansanm pou fòme sèl gran Kò transfòme Jezikri sa.

¹⁴⁴ Bondye revele L nan chak aj pa Pawòl Li ki te pwomèt pou aj sa. Kounye a annou jis gade sa kèk nan pwomès Li pou jodi a ye, pandan n ap fini kounye a avèk pawòl sa yo.

¹⁴⁵ Kounye a Bondye ap revele Tèt Li nan Limyè tan aswè a. Annou gade la. Nou wè. . .

¹⁴⁶ Mwen gen yon pakèt Ekriti ke m te ekri la. Jan w ka wè sou paj sa, kantite Ekriti ki ekri la. Men, nou jis gen apeprè kenz minit jiska midi. Mwen vle soti kite. E mwen pa anwe, maten an, pandan m ap pale la. Pafwa è kondisyon sa yo la fè m anwe tout bon.

Kidonk si Frè Neville pa. . . Ou pa gen anyen pou aswè a? [Frè Neville di: “Non.”—Editè a.] Ebyen, ebyen, mwen va. . . Si se kòrèk, mwen gen kichòy. Mwen te jwenn yon pakè sigarèt, lòt

jou, atè a nan bwa a; e mwen gen yon Mesaj apati de pakè sigarèt sa, pou aswè a, si Seyè a vle. Ou wè?

Kifè, mwen gen Ekriti sa yo la. E mwen pa vle depase tan an, kifè nou ka retounen vini.

¹⁴⁷ Yon pakè sigarèt, k ap pale. Dakò. Mwen te kòmanse ap soti kite forè bwa a, epi la yon pakè sigarèt te atè a, e m te jis ta pral fè wout mwen. Mwen te panse: “Ebyen, gen yon moun ki devan m.”

Epi yon Bagay di: “Retounen dèyè epi ramase sa.”

Mwen te panse: “Ramase on pakè sigarèt? Pa mwen.”

Yon Bagay di: “Retounen dèyè epi ramase pakè sigarèt sa.”

E mwen te ale, te gen yon vye pakè vid, e mwen te wè yon bagay. M ap pale nou de sa, aswè a, si Seyè a vle. Dakò.

¹⁴⁸ Pou kounye a nou pral pale sou Limyè aswè yo, jis pou yon ti moman. Bib la predi ke pral gen yon tan, jis nan fen tan an, kote solèy la pral soti, e pral gen yon Limyè aswè. Nou tout konn sa. Se pa vre? Nou menm, nou nan . . . Nou menm ki abitye ak Mesaj nou jodi a ki vin de Seyè Jezi a, nou kwè ke pral gen yon Limyè aswè. E Limyè aswè sa . . .

Natirèlman, gwo Limyè a ap vini kan Jezi Limenm va manifeste isit la sou tè a, oswa anwo nan Syèl la, pou mennen Epouz Li lwen, e alò Milenyòm lan va tabli.

¹⁴⁹ Men nou gen youn nan tan pi tèrib yo pou nou pase atravè l, ki pa t janm prezante devan èt imen. E mwen jis ap tann moman an, e kan nou ka genyen . . . tout moun ka gen yon chans kote ou ka an konje pou w pran kèk jou, epi nou ka tabli yon kote mwen ka pale sou Fleyo sa yo ak bagay ki gen pou tonbe nan dènye jou yo; pou mete apeprè de ou twa semèn ansanm, pou pòte sa ansanm, si Seyè a kite m viv epi enspire m pou fè sa, pou wè kijan bagay sa yo pral parèt, ak Tonè sa yo. Alò ou va jwenn kisa nonm sa ak moun sa yo te gen kòm rèv, epi tout bagay sa yo la, sa va rive; ou wè, ou va remake kisa yo te revele, gwo Tonè sa ki te gwonde soti—soti nan syèl la. Bon, natirèlman, nou tout nèt, nou konnen ke mwen konnen kisa sa—kisa sa vle di, ou wè. Epi, men annou jis tann jiskaske moman an rive, ou wè, pou sa fèt, ou wè, bon, e sa va plis nan sezon an.

¹⁵⁰ Bon, kifè nou pral li kèk nan—nan Ekriti sa yo la. Bon, nan Limyè tan aswè ki vini yo, kounye a, nou remake ke sa pral menm Limyè ki te nan maten an.

Paske, pa gen yon solèy nan maten epi yon lòt solèy nan apremidi. Se menm solèy la. Menm solèy ki nan apremidi an se li ki nan maten; menm sa maten an tankou nan apremidi.

Bon, Sa di: “Jou a limenm,” jou nan mitan tan sa, “va on jan tankou, o, tankou yon jou tris, sonb. Ki paka rele jou oswa nwit, ki nan mitan sa.”

¹⁵¹ Ou wè, sa se fòmasyon Kò a, kòmanse nan pye, ap monte anwo. Kan L te isit sou tè a, Li te Pitit la, Klate a, alò yo te touye L. Legliz la te pran plas Li, apre sa se te zafè matirize epi li te pase atravè Aj Tenèb yo, e li te kòmanse konstwi fondasyon an ki t ap soti. Alò ki kote sans wè a soti? Anwo nèt nan tè la.

Ou wè vizyon sa; Nebikadnetza? Ou wè L ki t ap desann, depi nan kòmansman aj Moun lòt Nasyon yo anvan San an te repann pou yo pou L te fè yon ekspyasyon. Yo te pwozelit yo te mennen vini. Men remake li te desann dirèk, desann dwat, desann tou dwat jouk anba, sou fòm senbòl, ou wè, pou te mennen l desann.

Apre sa li te rekòmanse, ap retounen, Legliz la te retounen apati de pye a, ap monte. Kounye a se nan tan tè la—tan tè la. Bon remake Limyè a.

¹⁵² Ou pa ka wè ak men w, poutan li fè pati de kò a. Ou pa ka wè ak zòrèy yo, poutan li ka tandè. Ou pa ka wè ak nen an, poutan li pran sant. Ou pa ka—ou pa ka wè ak bouch, menm si l ka pale; ou wè, sa se te aj Pannkotis la. Men kounye a li nan tan je a, sans wè a. Ou wè? Bon, pa gen ankenn fakilte mobil ki depase je a. Èske se vre?

Apre sa ou jwenn entèlijans lan, ki se Kris Limenm, Ki kontwole tout Kò a nèt.

Ankenn aktivite, mouvman ki pi lwen sa. Ou wè? Tout lòt bagay t ap bouje. Ou wè? Bouje pye w, bouje misk nan pye w, bouje tout bagay. Bouje . . . Zòrèy ou ka bouje, nen w, bouch ou, elatriye. Men apre je w, pa gen mouvman.

Se poutèt sa yo pretann ke lèzòm vin chòv rapidman, se paske, ou wè, pa gen ankenn egzèsis pou devlope misk yo nan—nan cheve, po tè la. Ou wè? E sa pa gen yon kousen pou w ka gen san anwo la. San an p ap ponpe pou travèse, ou wè, li p ap monte jouk anwo la pou founi san. Natirèlman, rasin cheve a—a viv gras a san an.

E kounye a nou jwenn ke pati sa, ou wè, pa gen anyen pi lwen je a.

¹⁵³ Bon ann wè. “Va gen Limyè” (apeprè nan mitan jounen an?) “nan tan aswè!” Poukisa Limyè a te voye? Pou w te ka wè kote ou . . . kouman pou jwenn wout ou. Èske se vre? Ou wè ki kote w ye. “Va gen Limyè nan tan aswè.”

¹⁵⁴ Bon, ann pran sa kounye a pou konpare l avèk Malachi 4. Li te pwomèt ta pral gen Limyè ankò nan tan aswè, ou wè, “Paske, men ni, M ap voye Eli pwofèt la pou ou, e li va restore timoun yo—yo tounen al jwenn papa yo, epi papa yo al jwenn timoun yo,” (èske se vre?) “poutèt pou M pa vin frape tè a ak malediksyon.”

¹⁵⁵ Bon annou pran Jan oswa . . . Sen Lik 17:30, epi obsève sa Jezi te pwofetize la, ap di: “Menm jan l te ye nan tan Sodòm, se va menm jan an . . .”

Bon sonje, remake, sa se lè ke Fis de lòm lan t ap revele a; revelasyon Fis de lòm lan. Kounye a, Fis de lòm lan an reyalti te revele potansyèlman, jis pou yon ti moman la, jis anvan Sodòm te boule. Bon, Nonm sa se te Elohim. Se te Bondye; e Jezi se Bondye. E Bondye te revele potansyèlman drèt la pou yon ti moman, pou ap pale ak Abraham, nan investigasyon pou jijman an. Jis pou yon ti zwit, Fis de lòm lan te revele; Fis de lòm lan, Elohim. Èske w wè l, legliz? [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a.] Fis de lòm lan, Elohim, te revele jis pou kèk minit. Paske, pwochen maten an menm li te boule, (kilè?) anvan solèy la te ka leve ankò.

Kifè pa ka gen ankenn òganizasyon ki rete, non plis pa ka gen ankenn ale pi lwen ke sa k ap fèt kounye a menm, paske l ap boule anvan jou leve ankò. Revèy la fini, atravè nasyon an. Pap gen ankenn revèy an plis, gwo revèy baleyaj; nasyon sa pa janm resevwa sa. Ou ka gen yon rasanbleman entèlekyèl. Men, m vle di, yon revèy Espirityèl, nou deja wè yo tout. Mwen espere w ap sezi l. M ap di li nan yon tèl fason ke—ke mwen espere ou sezi l. Ou wè? Se fini.

Yon minis de byen te di, sa pa fè lontan, li te di: “Frè Branham, si m te ka jis gen jwa Seyè a nan kè mwen!”

Mwen te di: “Pitit gason m, revèy la fini.” Ou wè?

¹⁵⁶ Kounye a se tan pou mete estabilizatè yo sou bato a. Gwo vag ki fè pè ap gonfle la devan nou; men nou konnen, jis pi lwen vag sa laba, nou toupre rivaj la. Ou wè? Nou toupre rivaj la. Jis rete fèm. Jis rete nan Pawòl la. Rete ak Bondye. Pe enpòt jan w santi w, kèlkeswa lòt bagay la; rete drèt ak Pawòl la. Ke—ke—ke sa rete fèm, kan nou wè tout gwo tonton nyaj sa yo nan viwonn nou, ak tanpèt k ap vini, ak bonm atomik, epi tout lòt bagay y ap pale de yo a. Men estabilizatè nou fikse drèt nan Pawòl la. Bondye te di sa t ap isit la; n ap pase anlè tèt yo chak. Ya, n ap monte dwat anlè tèt yo. Wi, vrèman! Yo menm, yo pa ka koule nou. Yo pa ka nwaye nou. Mete nou nan tonbo; n ap soti ankò. Se jis sèlman sa ki ap rive. Pa gen ankenn fason nan mond lan pou kenbe sa anba la. N ap pase anlè tèt yo chak, paske gran Kapitèn An Chèf nou an ap rele lòt kote a.

Nou ankre nan Jezi, tanpèt lavi nou va brave;
Mwen ankre nan Jezi, mwen pa pè ankenn van
oswa vag;

¹⁵⁷ Kèlkeswa sa l ka ye a, ke l vini. Ke l kapab, ke l vle, sa pa fè ankenn diferans. Nou ankre drèt la nan Jezi. Si m ap viv, m ap viv pou glwa Bondye. Si m mouri, alò m ap mouri pou glwa Bondye. Mwen—mwen—mwen jis vle. . . Se pou glwa Bondye, se sa m vle fè. Kan tou sa va fini, mwen pa vle rete plis ke sa. Mwen vle ale kote. . . rekonpans pa m ke L te achte pou mwen; pa sa m te posede, men sa L te achte pou mwen, sa L ban mwen pa gras Li.

158 Kidonk nou wè Limyè aswè a isit la. E akwa bon pou w gen Limyè, si w pa gen je pou wè jan pou jwenn chemen ladan L? Kisa Limyè aswè a ye? Limyè a vini, pou revele yon bagay. Èske se vre? Si gen yon bagay *isit la*, ke w santi men ou pa ka konprann sa l ye, nan fè nwa, alò limen limyè a. Se pou revele! Sa Malachi 4 dwe fè? Ou wè? Fè menm bagay la. Kisa ouvèti Sèt So yo te dwe fè, kote tout denominasyon sa yo t ap bite nan sa . . .? . . . Se te pou revele, fè soti. Si w pa gen je, alò ki itilite revele a? Dwe gen je, dabò, pou wè. Èske se vre? Pou revele Malachi 4, revele Sen Lik 17:30, Sen Jan 14:12, ak tou Jan 15:24, 16:13. E pou revele tou Apokalips 10:1 a 7, Ouvèti Sèt So yo, ak Mesaj setyèm anj lan; se pou louvri, pou revele, lè Limyè aswè a vini. Bon si yon nonm . . .

159 Nan Aj Lawodise a, moun yo te (kouman?) “toutouni.” Èske yo konsa? “Avèg.” Ki byen Limyè ap fè pou yon nonm ki avèg? Si avèg la ap kondwi avèg, èske yo tout pap tonbe nan twou? “Toutouni, avèg, e yo pa konn sa.” Menm fakilte mantal yo pati ale, fakilte espiritiyèl mantal yo, konpreyansyon espiritiyèl yo. Ou wè?

“Antete, tèt di, renmen plezi plis ke Bondye; pa serye, fo akizate, san retni, epi meprizan pou sila yo ki bon moun; avèk yon pyete pou lafòm, men ap renye Pwisans lan.” Pwisans revelasyon an; yo pa menm kwè ladan l. Ou wè? Yo pa kwè nan yon tèl bagay ki rele pwofèt. Kidonk yo pa kwè nan sa. Yo kwè ke—ke Malachi 4 se pou yon legliz kèlkonk oswa yon òganizasyon kèlkonk.

Kan li te vin premyè fwa a, li te yon nonm. Lè li te vin dezyèm fwa a, ak yon doub pòsyon, li te yon nonm. Kan li te vini sou fòm Jan Batis, li te yon nonm. Ou wè?

Nan dènje jou yo, kan Limyè aswè a kòmanse ap briye, je va kòmanse louvri e ou va wè ki kote w prale. Lè sa Kò a ap deja fòme, kanpe sou pye l, pou ap mete l an mouvman, pou ap bouje gras ak Sentespri a. Se kisa? Menm Sila ki t ap aji sou pwofèt yo ki te ekri Bib la, menm Sentespri k ap aji nan yon Kò ranpli ak Sentespri, ki t ap aji nan Sentespri a, soti nan chak òganizasyon, chak espès, lang, ak pèp.

160 Yon ti dam isit la, li pa fè pati de òganizasyon sa, oswa òganizasyon sa a . . . li fè pati de kongregasyon sa. Manzé soti yon lòt kote, e li te vini maten an, te pran yon foto la. Li te . . . bay pitit mwen an l, ki te trè etone. Mwen pa konnen si l te menm tande pale de Sa ou pa. Mwen pa konnen. Li te gen yon foto Anj Seyè a ki te sou Sèt Aj Legliz yo, lè Sèt So yo te louvri, laba, lè sa te fèt. Li te di, li t ap gade dèyè a la, e li te wè sa ekspoze nan syèl la, nan yon sonj. E li te vire gade la e li te wè sa, li te wè yon moun an blan, ki t ap avanse; epi pa dèyè l, li di li te gade . . . Li te di: “Frè Branham, se te ou menm.” Epi li te di: “Li t ap mache la,” li te di, “pa dèyè w, te gen diferant koulè moun, ki t

ap pote labanyè; Georgia, Alabama, tout diferant kategori plas, t ap mache an avan,” ap monte nan somè kote Kris t ap revele nan vizyon an. O, alelouya!

¹⁶¹ Nou nan dènye jou yo, e nan dènye lè jou yo. Èske w wè L kounye a nan Pawòl Li, epi tout Pawòl Li manifeste drèt la devan nou? O, Legliz Bondye vivan an, leve kanpe sou pye w, kwè L ak tout sa ki nan ou. Akwoche w nan ti Wou ki nan mitan wou a, kite L estabilize chak jès ak chak mouvman w ap fè. Chak panse w genyen, ke l ka kontwole pa Tou kontwòl ki anndan w lan. Paske, Bondye tabli drèt nan Pawòl Li pou lè sa a, nan Limyè aswè a, pou ap montre Limyè a.

¹⁶² Avègleman chòvsouri! Ou ka limen limyè, e chòvsouri—chòvsouri a ap si tèlman avèg li p ap ka vole. Yon chwèt, tout bèt vagabon lannwit sa yo, ak bagay konsa, ravèt epi lòt bagay, yo pa ka wè lajounen. Yo pa konn bagay konsa ditou. Yo pa ka wè.

E Limyè aswè yo vini. Chak parabòl, tout kote n ale, nan lanati, nan Bib la, nan—nan reprezantasyon estati Mèlk- . . . ke Danyèl te wè a, epi—epi wa jou sa, yo tout te wè; ak tout bagay sa yo, tout moun, chak fòm, chak jès, chak plas nan Kò a, dapre pozisyon yo montre nou tan menm ke n ap viv ladann lan. Pa gen yon lòt mouvman ki ka vin depase sa.

Te gen yon mouvman men; charite, Wesley. Te gen yon mouvman, fondasyon; Luther. Charite, pa t janm te gen yon pi gran; yo te rele l mouvman Wesley a. Yo te voye misyonè nan tout mond lan. Yon nan pi gran mouvman ki te fèt, nan aj anvan sa.

Aprè sa aj Pannkotis la te vini; aprè sa nan diferan dwèt yo ak bagay konsa, aj Pannkotis la te rantre, lang, ak nen, elatriye.

Kounye a se nan je. Akwa bon pou w ta bezwen je, oswa bezwen limyè, si je sa pa t la pou wè? Dwe gen je, dabò, pou wè. E aprè sa lè sa te vini, Li te louvri Sèt So yo e li te revele Limyè aswè a, pou ap pran tout mistè ki te kache atravè aj legliz sa yo, pou te revele yo kounye a jan Li te pwomèt L ap fè nan Apokalips 10:1 a 7. Men nou jodi a tabli nan mitan Pawòl la, pandan ke Pawòl la ap revele pou nou pa Jezikri. Alò, *Sa se Pawòl Bondye.*

¹⁶³ E antan ke sijè Li, nou dwe ap mache toupre Otè a, pou konprann Sa, pou Sa ka revele. “O Seyè, kisa W gen pou mwen, pou m fè? Si m dwe ale nan chan misyon pou preche Levanjil, oswa èske m dwe rete lakay? Pe enpòt sa l ye a, si m dwe yon bon fanm nan kay, si m dwe yon bon manman, si m dwe fè *sesi, sela*, ou *se lotbò*? Kèlkeswa sa l ye a, si m dwe yon fèmme, si m . . . Kèlkeswa sa l ye a, Seyè, kisa W vle pou m fè?”

¹⁶⁴ Èske se pa sa ke Sòl te kriye pou mande laba: “Seyè, kisa W gen pou mwen pou m fè?” Li t ap desann sou le- . . . sou wout li ap desann pou al—pou al mete tout legliz nan prizon. Men la li te kriye: “Kisa W gen pou mwen pou m fè?” Kan Limyè a te limen, tankou yon gwo Kolòn Dife ki te pandye anlè l. “Kisa W gen pou mwen pou m fè?”

165 Mwen panse ke se yon bon pawòl pou fini, epi pou di: “Seyè, kisa W genyen pou mwen pou m fè? Lè m te wè Ekriti sa si tèlman revele pafètman kounye a menm; Seyè, kisa W genyen pou mwen pou m fè?”

Annou bese tèt nou.

166 M ap mande chak moun isit la pou sonde kè w kounye a epi poze kesyon sa: “Seyè, kisa W gen pou mwen pou m fè?” E nou menm moun yo, si nou ankò nan koneksyon telefòn lan deyò atravè nasyon an, bese tèt nou epi mande: “Seyè, kisa W gen pou mwen pou m fè? Konsyan ke nou isit la nan dènye jou yo e nan dènye lè yo, sa jis tèlman pafè devan nou, revele tèlman aklè, kisa W gen pou mwen pou m fè?”

167 Chè Bondye, pandan y ap poze W kesyon sa; Pou tèt pa m, m ap mande W, Ou menm, kisa W gen pou mwen pou m fè, alòske mwen reyalize ke chak jou dwe konte. E mwen priye ke W va ede m, Seyè, pou viv konsa chak jou, sa va konte pou onè ak glwa pa W.

Mwen priye ke W va ede chak moun atravè tout nasyon an, e sa yo ki isit la prezan nan tabènak la pandan n ap sonde kè nou pou di: “Seyè, kisa W gen pou mwen pou m fè? Kisa m ka fè, Seyè, pou al pi lwen nan Wayòm Ou an ak kòz Ou?” Akòde l, Bondye.

Sonde nou, kè nou, epi teste nou. Si gen inikite lan nou, Seyè, egoyis, move motif ak objektif, O Bondye, netwaye nou ak San Pitit Ou, Jezikri, Ke nou aksepte ekspyasyon Li pa lanmò ak rezirèksyon Li ak imilite. E paske nou jistifye poutèt nou kwè ke Li te fè sa, nou aksepte ak kè kontan plan sali ke W bannou an, pou nou.

Papa, nou remèsye W pou Mesaj jodi a, ke nou kwè e ke nou akwoche nou, pou konnen e pou kwè ke se Pawòl Ou ak Mesaj Ou. Pa pou nou diferan de lòt moun, men pou ap eseye vin plis tankou Jezikri Ki se egzanp nou.

168 Chè Bondye, men mouchwa yo ki depoze la, e gen moun malad toupatou. E mwen menm, Seyè, mwen fatige e epwize, maten an. Mwen priye ke W ede nou, chè Bondye. Je nou sou Ou pou pran fòs. Ou se Fòs nou. Ou te ede si tèlman moun, chè Bondye.

169 Lòt jou, pandan m t ap reflechi la nan bwa sa, ap mache avèk Frè Banks Wood, lè doktè yo . . . Kè l te si tèlman pa bon ke li te ka apèn mache. Apre sa pou ap panse kouman mwen . . . tikras mwen te konnen anwo la, ap mache nan montay sa yo apre vizyon sa, “Mwen dwe jwenn lyon sa. Mwen dwe wè lyon sa mouri.”

E apre sa pou ap desann la, epi kanpe la nan Tucson, nan Kafeteria Furr la, ap gade tout rad li nan sak, ak je l prèske fèmen. M te di: “Bondye, si W ka montre yon vizyon kote yon lyon ye, se sèten Ou ka montre kichòy sou Frè Wood.”

E la sa te vini: “Poze men w sou li.”

E men li jodi a, ki retounen ankò, Frè Banks pa nou an, anfòm, ap kouri monte desann sou mòn sa yo. Ala nou remèsye W, chè Bondye. Ou se menm Bondye a pou nou tout tankou W te ye pou Frè Wood la. Mwen konnen Ou renmen li, paske li se sèvitè Ou, onèt e sensè.

¹⁷⁰ E mwen priye, chè Bondye, ke W va trete ak nou chak, epi padonnen peche nou, e geri maladi nan kò nou yo. Rann nou plis tankou Ou, jou apre jou, Seyè, jouk nou rive nan estati konplè Jezikri a. Akòde l, Seyè. Mwen gen konfyans ke Ou te sonde chak kè, la, epi nou konnen kisa pou n fè. Nou mande W pou beni nou kounye a, nan Non Jezi.

¹⁷¹ E pandan ke nou gen tèt nou bese, èske genyen prezan la, oswa deyò a pa—pa mwayen telefòn atravè nasyon an, ki ta jis renmen ke, pandan n ap priye a, ak tèt nou bese, jis leve men w bay Bondye kounye a. Se tout sa ke w ka fè; la chaje ak moun maten an. Jis leve men w bay Bondye, di: “Bondye, rann mwen plis tankou Jezi. Mwen—mwen vle vin plis tankou Jezi.” Bondye beni w. Deyò la nan peyi a atravè nasyon an, gen men senpleman toupatou, jis yon kantite masif. Epi tou, men pa m leve. “Mwen vle vin plis tankou Li. Sonde mwen, Seyè, pou dekouvri si gen mechanste nan mwen; retire l. Mwen—mwen vle. . .” Kisa? Nou jis isit la depi tèlman lontan, poutan nou pral pati kite ke ou. . . menm si, pe enpòt sa w ye, jan ou rich, jan w pòv, jan w jèn, jan ou aje.

¹⁷² M te kanpe yè kay yon—yon ti gwoup moun pòv jouk anwo nan yon mòn, anba bò. . . bò rivyè a. Te gen on ti fanmi la, yon nonm ke mwen te konn pale de Bondye, depi tèlman lontan. Ti madanm li, te desann, ak sèt oswa uit timoun; li menm, li te yon ti bagay, tou zwit, deyò la k ap eseye travay, pou fè kèk dola pa jou. E gen yon nonm ki te pèmèt li abite nan yon ti mazi. E men madanm li anwo la, toupre pou gen yon lòt timoun, e manzè te gen yon gwo rach la, pou koupe bwa, rale yo desann; ti bebe sou ranch li, pou ap rale bwa ak yon lòt; ap desann pou koupe bwa sa, pou l te konsève kèk fwi nan mamit, pou anpeche yo mouri grangou pandan ivè. O la la, ala mal nou te santi nou mal pou li! Frè Wood avè m nou te ale e nou te pran kamyon an, pou ale la koupe bwa pou li, epi rantre l anndan. Li menm, yon ti madanm ki te gen rekonesans, te jis kanpe la. Mwen te santi m mal pou li. E nou te kontinye priye pou yo.

¹⁷³ E ti bebe l la te atrape epilepsi. Nou te ale pou priye pou ti bebe a, e Bondye te geri l. E lòt jou, mari li te gen yon èni, e li te antre. . .

Mwen t ap pale avè l. Li te konn fimen, yo toulède. Manzè te konn pran tabak, epi li menm, tou, sa tipik pou moun k ap viv nan mòn. Epi la m te kontinye ap pale avè yo konsènan sa. E yè maten kan m te rantre, apeprè lè l t ap fè jou, men li ki t ap soti,

ak men l kwaze ansanm, e li te di: “Frè Billy, mwen se yon nonm chanje.” Li te di: “Mwen te fimen dènye sigarèt mwen, e mwen travèse sou bò pa Seyè a.”

Manzè te di: “Mwen jis te fimen dènye pa m lan, tou.”

O, plante semans lan! “Mwen menm Seyè a te awoze. Mwen va awoze l lajounen kou lannwit, ankenn moun paka rache l lan men M.”

¹⁷⁴ O Bondye, gen pitye kounye a, mwen priye, epi bannou dezi kè nou, paske nan kè nou vle sèvi Ou. Kounye a, Papa, yo tout nan men W, toupatou. Yo se timoun pa W. Trete avèk yo ak mizerikòd, Seyè; pa nan jijman, men nan mizerikòd. Nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

¹⁷⁵ Nou renmen Li? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Ak tout kè nou! Kounye a, ou menm ki te vin ak mouchwa yo, ou ka rebran yo.

E kounye a, sèvis nou yo, mwen kwè yo kòmanse on tijan bonè, setè, oswa yon bagay konsa. Frè Neville ap anonse l, jis nan yon minit, konsènan lè pou kòmanse.

Èske gen yon batèm, mwen kwè, maten an? [Frè Neville di: “Dlo a pare.”—Editè a.] Dlo a pare, si gen yon moun isit la ki poko batize nan Non Seyè Jezikri, enben, sèten se . . . Dlo a pare pou sèvis batèm lan.

¹⁷⁶ Nou apresye tout frè minis yo. Mwen wè Frè . . . Kijan reyinyon w lan te ye, sa te byen pase, Frè Parnell? Epi Frè Martin, ak, o, si tèlman ladan yo isit la, Frè Lee Vayle. O, gen jis minis toupatou nan plas la. Se sèten nou apresye ou menm ki la, pou ap fratènize avèk nou otou Pawòl la.

¹⁷⁷ Petèt ou ka pa dakò avè m jis egzaktman sou Sa; mwen pa oblije w, ou wè. Sèl bagay, jis pran L an konsiderasyon. Sa w di m, mwen pran l an konsiderasyon. Si minis yo te pran bann lan, e yo te di: “Ebyen, mwen pa dakò.” Se kòrèk, frè pa m. Ou kapab bèje yon brebi; ou—ou ap nourri yo ak nenpòt sa w vle.

M ap eseye fè mye pou m rete dwat ak Pawòl la, pou sa yo ke yo te met nan men m pou Bondye, paske brebi a vle nouriti brebi, natirèlman. “Brebri Mwen tande Vwa Mwen.” E se avèk sa nou viv, tout Pawòl ki soti . . . Pa tout . . . Pa jis yon Pawòl de tanzantan; men tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye, se ak sa ke sen yo ta dwe viv.

Annou leve kanpe kounye a sou pye nou. Pandan nou bese tèt nou . . .

Epi Frè Neville, ou gen yon bagay ou vle di yo? [Frè Neville di: “Non.”—Editè a.] Frè Mann? Dakò.

Tout moun santi yo byen? Di: “Amèn.” [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Dakò.

Bon ann bese tèt nou.

M ap mande Frè Lee Vayle si l vle vin isit la, oswa si l kapab. Si w ka vin la, Frè Vayle, si w kapab.

Frè Vayle se frè nou isit la, se li ki ekri liv yo. E l ap prepare liv la kounye a, *Sèt Aj Legliz Yo*, e l ap travay sou *Sèt So Yo*. E nou espere genyen yo byento pou yo soti trè byento. Dakò. Frè Lee Vayle.

Ke Bondye beni w.



KRIS KI REVELE NAN PWÒP PAWÒL LI CRE65-0822M
(Christ Is Revealed In His Own Word)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle Yon dimanch maten, 22 out, 1965, nan Branham Tabènak ki Jeffersonville, Indiana, Etazini, yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org